

## Parlement en Volksraad.

Lantaran ieu djeurjarita sakitoe mindengna aja dina soerat-soerat kabar, babakoena dina Sipa tahoenan, kilangbara ari aja dina oenggal powe mah, tapi ari saminggoe atawa doa minggoe sakali mah, tangtoe ajana, tangtoe koedoe ngadjikeun bosenna.

Tapi rasa „bosen“ teh koe roepa-roepa kaajaan dilarang keras, teu meunang bosen, oelah bosen, koedoe actueel salalawana, sabab noe djadi; poko kapoelitikian teu aja deui kadjaba ti „parlemen tarisme“.

Nja ieu pisan tjek pihak Indonesiers anoe koedoe terah-tereh beunang djeung kapimilik teh, tapi tjek lawanna, nja eta kaom anoe hajang makoeng salalawana, nja ieu pisan anoe koedoe dipageuhan djeung dikoekeohan teh.

Koe sabab eta djadi kawadjiaban soerat kabar, pikeun ngawarkeunana sagala roepa bedja ti na perkara ieu, djeung sagala roepa pamanggih anoe keuna kana ieu mah alah. Goenana, nja eta pi keun mikir-mikir, neangan pidjaneunana sangkan matak djadi kabersihan djeung kaloeosan ka sarerean.

Dina J.B. geus aja deui soera anoe ngaganggoe kana kaamananana djeung kamadjoeanana Volksraad, anoe djadi poko djalanana demokratische paparentahan di nagara oerang.

Tjenah geus sakitoe mindengna ditoekeuh-toedoech, jen babandingan antara pamarentah djeung Volksraad teh koedoe katjida tete lara, nepi ka oelah asa-asa atawa koerang terang. Pibisaunana kadjadian anoe saroea kieu, akalna atawa laksanaana teu aja lian a nging koe ngawabahan Staatsregeeling.

Koe roepa-roepa motiesna reudjeung amendementenna, Volksraad teh dina waktoe ajeuna mah — kaajaan tjara kiwari — ngahadep teuing ka pamarentah djadi panghalang. Ieu teh sama sakali lain kasalahanana noe djadi Col lege, tapi koe lantaran dilobaan teuing hak-hakna (bevoegdheden na) dina wet anjar, dina Staatsregeeling.

Nja ieu pisan, ngalobaan kaka-wasaan, anoe koedoe dirobah teh, anoe koedoe dibalikkeun deui ka asal.

Kamari ieu Minister Colijn, dina riongan Tweede Kamer geus sasaoeran, jen mantenna teu sang goep djeung teu bisa moenderkeunana deui kakawasaan.

Ieu pangakoean anoe djadi minister, sedeng andjeunna geus sakitoe djamanja njekel kaminister, djeung anoe sakitoe tabahna tina perkara kakolonian, katjida ngaleutikeunana hate, nepi ka teu bisa moenderkeun deui lengkah.

Dina waktoe ngabadmikeun Indische begroeting di Tweede Kamer, toean DE SAVORNIN LOHMAN, geus ngabidjikeun soera anoe pohara kerasna tina perkara Volksraad.

Pikeun mere parlementarisme ka Volksraad, ieu bisa kadjadian, ngal bisa kadjadian, ONMOGELIJK KABINA-BINA, sabab la-moen nepi ka prakna didjalankeun teh, saroea bae djeung min dahkeun kakawasaan Holland ka Indi. Band-na Holland djeung Indi koe kaajaan noe saroea kitoe tangtoe poetoes, tangtoe pegat; Holland moal ngabogaan kakawasaan deui tina perkara Indi.

Pohara teu moepakatna kana ta ladjakna (optredenna) toean Minister — tjek toean Lohman teh.

Nilik kana kahajang partij anoe sakitoe koetana, beuki langgir ka lieun bae Volksraad ngabogaanana sagala roepa tjara, boro-boro kana sampoerna kana djadina parlement, tjatjakan kaajaan ajeuna anoe sakitoe djaoehng keneh kana ngaran sampoerna, geus lakoe ning biheing, bisa angger.

Nilik kana galagatna beuzin-ging, anoe sakitoe ngahantjana ngoerangan sakola, geusan kamadjoeanana rahajat, atawa geusan ngabalegkeunana rahajat, geus

## Pasoendan TI P. en T. Landen.

MAJIT DI SISI KEBON.

Powe Senen noe anjar kaliwat, di kamponeng Taloenpare (Tjilamaja) aja noe manggihan majit boedak lalaki kira oemoer 7 taoen, eta majit teh kapanggihna di antara sisi tegalan djeung sisi kebon Onderneming Soekamandi, sarta kaajaanana tjek noe nerang keun mah dibeungkeut.

Koe lantaran kitoe, sanggeusna kanjahoan koe noe djadi politie, teroes ditanjakeun saha indoeng bapana, tapi teu aja noe ngakoe.

Harita keneh oge teroes majit teh dibawa ka Soekamandi.

Tapi sanggeusna heuleut doa powe ti harita, tjek katerangan, anoe djadi bapana teh geus kapanggih koe noe djadi politie.

## KOEROEDAN GADJAH DI P. en T. LANDEN.

Ti mimiti tanggal 1 Juni 1935, sakabeh Inl. Personeel di eta Mij. gadjihna dikoeoedon deui, tapi teu ditetepkeun sabaraha-baraha presentna, ngan noeroetkeun maximum anoe diajakeun koe atoeran anjar: nja eta saperti anoe didja lankeun di onderneming Soekamandi ajeuna, atoeranana teh kieu:

Oepama schrijver Administrateur anoe tadina memeh dipotong 40 pCt. teh, maximumna saboealan f 65.—, ajeuna mah koedoe f 40.— maximum, deui schrijvers noe han dapna (Div. schrijvers) tadina f 32.50 teh ajeuna f 17.50 saboealan.

Oge tuinpersoneel; saperti Hoofd mandor, tadina f 65.— maximum, ajeuna djadi f 35.—, nja kitoe deui mandor anoe harandapna, anoe tadina f 32.50 teh ajeuna mah ngan f 15.—; ieu teh ngoeroeng loonbelasting, toer dienst lila ata wa henteuna mah teu djadi oekoe ran.

Tah koe kaajaan kitoe teh, sok boro anoe ngalakonanana, dalah anoe teu ngalakonan oge, tangtoe bisa ngawangwang pibeurateu nana.

Tapi, dalah dikoeomaha, da geus kitoe kahajangna toer kitoe koedoena oepama dibanding djeung kaajaanana djaman, ngan asana rada leuwih enteng oepama make atoeran present, sabab moal aja anoe teu kabagian koeroedan ga djih, ari ieu lolobana pohara hoe maregoengna mah anoe geus leu

## LID PROVINCIALE RAAD ANOE ANJAR.

Gantina toean Thung Si-gang Hiap.

Koe lantaran toean Thung Si-gang Hiap lieren tina ka-elidanana di Prov.Raad Pasoendan, dina po we mangkoekna di eta kantoor geus ngajakeun openbare vergadering anoe diajakeun koe Stemkan toer.

Noe kapilih pikeun gantina toean anoe kaseboet di loehoer teh, nja eta toean Loa Sek Hie, lid Volksraad.

## RAPPORT SPIT TEA.

Geus aja di Departement B. B.

Njamboeng kana bedja-bedja anoe geus diterangkeun dina ieu soerat kabar, jen Mr. Spit teh ka pilih kana voorzitter Commissie tina oeroesan tanah-tanah pikeun bangsa Indo-Blanda tea.

Ajeuna tjek bedja eta rapport teh geus aja sarta didjalankeun deui panalengtikan koe Departement B.B.

## Ti Kawali (Tjemis).

DJALAN PROVINCIE.

Djalan Provincie Tasikmalaja-Cheribon, ti antara Kawali nepi ka Panawang an asphaltna kaitoeng geus roeksaak, malah ti lebah sasak Tomdjong nepi ka kam poeng Gardoe (desa Tjinjasag) mah teu make asphalt.

Nilik kana ramena kendaraan, oge ieu djalan teh nomer hidji, asa sedengna pisan, oepama noe wadji kersa marjos.

wih tina maximum ajeuna gadjih na teh, da ari anoe tjan nepi kana maximum anjar mah teu sabaraha dikoeoedna, malah aja noe henteu pisan.

(KAM' A).

## Ti Djakarta.

### REORGANISATIE ANJAR DI „ANETA“.

Aandeelna ahli-waris Berretty didjoel.

Dina powe mangkoekna, sakoer anoe djadi aandeelhoudersna pers bureau „Aneta“ di Batavia-Centrum geus ngajakeun vergadering. Dina eta vergadering teh geus moetoeskeun baris ngajakeun reorganisasi anoe anjar kalawan inake perdjandjian, sadjaba ti kitoe, oge diajakeun djoelalan tina bagian aandeelna toean Berretty, anoe tadina djadi Directeur ti ieu persbureau.

Tina bagian toean Berretty tea, didjoelna nja eta ka hidji Syndicaat anoe diajakeun koe Factory, Escompto Mij., K.P.M., S.M., N., Rott, Lloyd, J.C.J.I., N.I.L.L. Billiton Mij. djeung Cultuur Mij. Pasir Nangka.

### Directie anjar.

Koe lantaran toean-toean H.P. Salamons djeung J.J. Dokkum, anoe doeanana djadi Directeur ti eta persbureau, nja kitoe deui toean Neuman tina Commissaris, la lieren tina kapangkatanana, ajeuna anoe ngaganti kana eta lowongan teh nja eta toean Herman Salamons kana Directeur, ari anoe diangkat kana Commissaris nja eta toean-toean Everts, Directeur K.P.M. Berendsen, directeur Escompto Mij. Elfring Directeur N.I.L.L. Mij., djeung Brandenburg van Olstende, Directeur Mij. Pasir Nangka.

### Ganti Directie powe mangkoekna.

Dina powe Rebo mangkoekna, mimiti Directeur anoe ngadjalan keun padamelan anoe kaseboet di loehoer ngetjagkeun kapangkatanana, nja kitoe deui noe djadi gan tina, koe lantaran Directeur anjar masih keneh aj adi nagara Walanda, ajeuna anoe ngawakilan djadi Directeur teh nja eta toean Mr. de Vries, wakil Aneta di Holland anoe ajeuna keur kabeneran aja di dieu.

## LID PROVINCIALE RAAD ANOE ANJAR.

Gantina toean Thung Si-gang Hiap.

Koe lantaran toean Thung Si-gang Hiap lieren tina ka-elidanana di Prov.Raad Pasoendan, dina po we mangkoekna di eta kantoor geus ngajakeun openbare vergadering anoe diajakeun koe Stemkan toer.

Noe kapilih pikeun gantina toean anoe kaseboet di loehoer teh, nja eta toean Loa Sek Hie, lid Volksraad.

## RAPPORT SPIT TEA.

Geus aja di Departement B. B.

Njamboeng kana bedja-bedja anoe geus diterangkeun dina ieu soerat kabar, jen Mr. Spit teh ka pilih kana voorzitter Commissie tina oeroesan tanah-tanah pikeun bangsa Indo-Blanda tea.

Ajeuna tjek bedja eta rapport teh geus aja sarta didjalankeun deui panalengtikan koe Departement B.B.

## Ti Kawali (Tjemis).

DJALAN PROVINCIE.

Djalan Provincie Tasikmalaja-Cheribon, ti antara Kawali nepi ka Panawang an asphaltna kaitoeng geus roeksaak, malah ti lebah sasak Tomdjong nepi ka kam poeng Gardoe (desa Tjinjasag) mah teu make asphalt.

Nilik kana ramena kendaraan, oge ieu djalan teh nomer hidji, asa sedengna pisan, oepama noe wadji kersa marjos.

## Indonesia TI Mataram.

(Koe medewerker Sip. di Mataram).

### SAKATEN.

Koerang leuwih saminggoe deui kana bregna sakaten, ajeuna aloe-aloe geus pinoeh koe roepa roepa adegan sarta saban peuting geus rame bae koe djelema noe ngadon ngahadja niiskeun kabingoenng.

Di hareupeun bioscoop Capitol wajang wong geus meh saminggoe ngemproeng. Saoeng-saoeng, boh tongtonan, boh stand-stand reclame, boh waroeng, kadeuleu leuwih loba ti batan djeung noe katoekarg-toekang, di antarana katambahan koe saeng Miss Ri boet.

### CONGRES ROEKOEN DARMO SAKTOSO (R.D.S.).

R.D.S. geus ngajakeun Congresna noe ka I di Soerjotaroenan.

Kamari malem Salasa tanggal 28 ka 29 Mei 1935 geus ngajakeun rapat Oemoem di tempat panggoeng kotoprak Soerjotaroenan.

Publiek kolot-boedak, awewelalaki moal koerang ti 600, wakil wakil pamarentah djeung koempoelan oge loba, ti pihak pers noe kadeuleu aja tiloe.

Programmana henteu ngawoeng koel biantara-biantara, tapi diselang koe tongtonan, saperti panem brama, wajang djeung moesik.

Biantara djoeragan Soetomo, ti waja R.D.S. dina djero opat taoen (1931 - 1935).

Spr. nerangkeun heula djaman 10 taoen katoekang, bangsa oerang teh gawena ngan moemoesoehan bae, patjengkadna bae, koempoelan teu njatjad koemporan sedjenana, estoening roepa-roepa koempoelan, boh noe gede, atawa noe leutik, taja pisan kalajeu tanana, pamingpin ieu bentrok reu djeung pamingpin itoe, loba koem poelan - koempoelan anoe moesna.

Beuki dieu beuki karasa koe para pamingpin katoer rahajat In donesiers pisan, perlona, goena na, aloesna kalajeutan, Indonesia boetoech koe rempoeg djoekoenng, tjoea koe noe aing-aingan.

Goetroedjag dina hidji waktoe aja saatna anoe hade ngadeg per koempoelan Roekoen Darmo San toso, diboemina djoeragan Atmo disaretro kalawan rempoeaganana doeloer-doeloer 28.

Koe ngadenge ngaranna oge oerang geus bisa ngira-ngira jen R.D.S. teh hidji koempoelan anoe neangan karoekeunan djeung katresnaan, hidji toedjoean anoe pangloehoerna. Oerang koedoe boga tresna heula ka awak sora ngan samemeh ka batoeer, teroes ka kaloearga, ngarambat ka tanggana nepi ka lemah tjai poentjakna ka sasama manoesa.

R.D.S. lain toekang keproek atawa toekang lohong, saperti noe geus dikedalkeun koe wong akeh, tapi R.D.S. perkoempoelan soetji rek ngadjoengdjoeng kaoem iboe tina hinaan - hinaan kaoem lalaki.

Pidato kadoea djoeragan Sastrosoewito, nasehat ka pagojoeban - pagojoeban.

Pondokna tjara spr. ngarep-ngarep kalajeutanana sagala perkoempoelan katoer pamingpinna sarta koedoe ati-ati oelah salah tindak, ngingetkeun paribasa ba toer: beter voorkomen dan genezen.

Pidato katiloe Nji Soeparti, ngadjoengdjoeng kapoetrian setjara masjarakat.

Pondok njogokna ieu biantara, tjenah taja hidji perkara anoe panghese-hesena, tapi pangpentingna, ngan bab kapoetrian.

Moendoerna kawanitan saroea djeung moendoerna doenja, leungitna rohani wanita saroea reudjeung moendoerna bangsa. Sakitoe ari maksoedna pisan mah.

Leungitkeun anggapan - anggapan, hinaan-hinaan kaoem lala ki noe matak ngahalangan ligrana kaoem iboe di lapang masjara kat.

Panoetoepr spr. ngoewaran ka kaoem iboe soepaja getol soemping kana vergadering - vergadering perloe ngasah pikiran, namba

## „TIJD IS GELD“

Ini betoel alias tida salah kaloe . . . . . orang goenaken!

141  
**TOKO „ANKER“**  
SPECIALE OBRAL 28 MEI - 15 JUNI

## Leleson dinten Minggoe

GOEGERITAN BATOETOELIS. (Tina „Poko Batoetoelis Bogor“)

DANGDANGGOELA.

Batoetoelis patilasan toelis, sasakala kadaton Pakoan, Padjajaran kawit Bogor, toemoet galoeing tjatoer, kapidamel koe Ratoe Hadji, Badoega Maha Radja, Poetrana Sang Perboe, Rshijang Dewa Niskala, noe dipendem di Goeha Tiga Tjamis, Galoeh was ta boehoenna.

Batoetoelis pernahna kahapit, Tjihaliwoeng ti beulah kaletna, beulah kidoel Tjisadane, toetoege n soekoe goenoeng, goenoeng Gede ngaping ngadingding, ngagendeng Goenoeng Salak, moenggoch Mega Mendoeng, ngarengreng reudjeung Boerangrang, ngarengroeman Kadaton Pakoan Hadji, Perboe Radja Poerana.

Batoetoelis ngahoeodangkeun resmi, lega ningal djembar mama nahan, kasmaran kasedih hate, ngagembang kalboe woejoeng, ras teh emoe ka djaman bihari, tanah Soenda Sembawa, Praboe Wangi Galoeh, kagentos Wastoe Kantjina, wawangina „Astana Gede“ Kawali, „Sang Perboe Noesa Larang“.

Patilasan anoe di Kawali, kasebatna Sang Soera Wisesa, kapi damel koe Sang Katong, Perboe Niskala Wastoe, Ejang Radja Poerana Hadji, dem Batoetoelis mah, namina noe agoeng, „Kadaton Sri Bima Poenta, Narajana Madoera Soeradipti, Pakoan Padjajaran“.

Batoetoelis pernahna teu tebih, tjaket halteu noe sami namina, namoeng ratoes lengkah bae, kanggo noe sedja moendjoeng, djarah-djarah ningalan toelis, hamo waloeat njatjat, hieum linoek i-oeh, sisi djalan geledegan, kahar mobil loer-lar liwat balawiri, noe mapah henteu kendat.

Ti soeklakna ti sikloekna soemping, ngadeuheusan moendjoeng patilasan, poesaka diargng-agreng, digeugeuh dipoepoendjoeng, pamoejjaan dipoesti-poesti, didjaga didadama, dihormat digoeng goeng, malar riba karamatna, sasakala didamel pangeling-ngeling, ka soegri karabatna.

Rikip rapih toetoepr toengtoeng toelis, nijlokakeun panitisan Pakwan, Sjaka joempoet tetes rekep, nadjan kitoe kasoesoed (1), Pantja Pendawa ngemban boemi, toemoet Tjandra Sangkala, sewoe doa ratoes, poendjoeng lima poloech lima, diwoewoehan moenggoeh tahoenan Masehi, toedjoeh poloech dalapan.

E.M.

(1). Tingali karangan Boedjangga R. Ng. Poerbatjaraka dina tijdschrift voor Indische Taal-Land en Volkenkunde, djild ka LIX bagian anoe ka IV.

Noehoel! Estoe noehoel, andjennna parantos ngoedar sareng medarkeun eta soealan.

Pantja hartosna 5, Pedawa oge hartosna 5, ngemban hartosna 2, boemi hartosna 1, didjoemlahkeun djadi 1255. (Noemoet-keun Tjandra Sangkala).

han pamandangan enz. Poekoel 11.30 vergadering di-toetoepr!

## DITEUNGGEUL NEPI KA MAOTNA.

Waktoe rek ngala endog pe njoe.

Noeroetkeun bedja di salah-sa hidji poelo, noe ajana deukeut Borneo, geus aja kadjadian hidji bangsa Indonesier waktoe rek ngala endog penjoe diteunggeulan koe sababaraha bangsa Tjong hoa nepi ka maotna.

Dem asal-asalna mah kieu: Eta djelema teh gawena saban powe dibarengan koe batoerna sa oerang saperti noe geus kaseboet di loehoer, ngan neangan endog penjoe ka poelo.

Dina hidji powe sakoemaha bi asa bae, arindit deui, tapi sadatangna ka tempat noe biasa, papanggih djeung sababaraha bangsa Tjonghoa anoe maksoedna sa roea pada rek ngarala endog penjoe, atoech katjida kareuheuleuna na teh, nepi ka harita ngadjikeun papaseaan dilantarandjeun koe pareboet kahasilanana.

Koe lantaran doa Indonesier koedoe ngalawan genep bangsa Tjonghoa tea, tangtoe bae moal koet.

Noe saoearang ti antara noe doe aan tea geus keuna koe paneung geul kai palebah sirahna pisan ne pi ka maot sapada harita, ari noe saoearang deui mah koe sabab kaboeoe loempang kana parahoena

noe harita kasampak geus euweuh pangbosehan hidji-hidji atjan, ka lawan ngapoeneunkeun kai sapotong, nja salamet, bisa teroes ba lik, sarta sadatangna teroes lapor ka politie.

Waktoe manehna aja dina parahoe, nepi ka tiloe powe tiloe peu ting, ngambang dina laetan, sabab euweuh parobot keur ngagan tjangkeun balik ka lemboerna.

Dipariksa koe noe wadji, koe sabab geus lila tea, atoech geus ka laboeer mantan eta bangsa Tjong hoa teh.

Ngan bae majit noe dipaehan tea, gantjang dipabawa ka lemboerna, sarta politie meunang ka terang, jen eta bangsa Tjonghoa noe maehan teh, geus naroeempa kan kapal asing.

KAPANGGIH MAOT DINA MOBIL.  
Keuna koe panjakit hart-verlamming.  
Hidji peuting waktoe sala sahi dji toean rek balik ti Societeit Harmonie, sarta njampeurkeun mobilna, noe harita ajana di hareupeun soos tea, kasampak soepirna keur njarande bae toekangeun stier.  
Koe lantaran disangkana koe eta toean teh keur sare, atoech gan tjang bae diboebag-gabig, tapi keukeuh henteu daekeun njaring.  
Sanggeus bosen noe ngageuing keun, tapi teu daekeun bae hoe-dang, terces nelepon ka doktor.



Sadatangna noe kaseboet tjike-neh teh didjalankeun papariksaa mana, kaboehtian eta soepir, ma ot lantaran hartverlamming.

BEDJA OFFICIEEL.

Noeroetkeun bisloet ti Ci-viel Departement:

Bisloet tanggal 21 Mei 1935. Dieureunkeun kalawan kahor-matan sarta ditioeng ti mimiti pa moekan boelan Februari 1935, toean J.M. Moendharia, le klerk di departement B.O.W.

Noeroetkeun bisloet tanggal 22 Mei 1935.

Dibantoekeun saheulaanan ka-lawan make titel commissaris Pa mentah pikeun Bestuurs-hervorming Goepnoer Djendral, nja eta soepaja bisa ngadjalankeun sa sadiaan pikeun nerseukeun be-stuurs-hervorming di Buitengewes ten: toean Dr.F.H. Visman, anoe ajeuna djadi Resident di Menado.

Dibeneun kana Resident Me-nado, toean J. Jongejans, noe a-djeuna djadi Assistent-Resident di Pidie (Atjeh en Onderhoorig-heden).

Noeroetkeun bisloet tanggal 23 Mei 1935.

Diwadjabkeun ngadjalankeun pagawean sebagai Inspecteur-af-deelingshoofd di Dienst Scheep-vaart, salilana verlofna toean T. Veerman ka Europa, toean A.S. Bats, anoe ajeuna djadi Inspec-teur di dinja keneh.

Geus ditjatet, Koninklijk Bes-luit tanggal 18 Mei 1935 No. 90 hal benoemanana Mr. W.H. van Helsingen kana voorzitter Volks raad ti mimiti tanggal 15 Juni 1935, pikeun pililacuanana opat ta oen.

Geus kapilih koe Minister van Kolonien pikeun indit ka Indone-sia sarta teroes dibeneun kana as pirant-controleur B.B.: 1. Mr. R. M. van Rhee, 2. Mr. J. Rookma-ker, 3. H.J. de Boer.

Noeroetkeun bedja ti Departement van Kolonien geus ditamba-han deui verlofna lantaran koer-ang sehat badanna:

- 1. toean G.Chr. Rapp, controleur B.B. (tiloe boelan).
2. S.V. Parijs, ambtenaar 4e klas di Dienst I.U.A. (genep boe lan).
3. J.Herber, hoofdagent (hoofd rechercheur) Politie. (genep boe lan).
4. toean G. de Vries, commies di Dept. van Justitie (tiloe boe-lan).

Bisloet Militair Departement tanggal 23 Mei 1935.

Dibeneun kana officier van ge-zondheid 2e klas di personeel Ge-neesk. Dienst: Kon. Ned. Ind. le-ner, toean J. van Meerten, arts anoe tadina oge geus meunang nanggadjaran pikeun ngadjalan-keun eta pagawean.

Bisloet Goepnemen. Dianggap sebagai bestuurder le Leubeu onderafdeeling Sigli afdeeling Noordkust van Atjeh-couvernement Atjeh en Onder-hoorigheden, toean Teukoe Ma-ali.

Geus disahkeun koe bisloet Provinciale Raad Pasoendan tang-gal 29 April 1935 No. 111/15, anoe eusina robahan „Atoeran” pikeun ngagantungan ongkos dialan, zitting djeung hotel, leden Provin-ciale Raad Pasoendan dina wak-toe ngaloeohan vergadering Raad djeung Commission”

TALADJAK SAWENANG-WENANG.

Didjalankeun koe tiloe pa-gawe poelisi kampoeng.

Di hareupeun imah Loerah de sa Djemoe — Wonosari atjan sabaraha lilana geus aja kadjadi an perkara panganiajaan. Doea djadika bangsa Indonesier nga-ran Senen djeung Rebani, anoe di toeding maling kareta mesin bo-gana salasoerang pagawe poeli-si, lantaran teu ngakoe geus pa da neunggeulan koe kohkol awi, tjameti kareta djeung peureup, ne pi ka achirna eta doea djadika kapaksa koedoe dirawat di roe-mah sakit C.B.Z. (Soerabaja). Di sababaraha loewoek awakna gareuneuk tapak panganiajaan tea.

Sabab-sababna anoe matak tim boel eta kadjadi noeroetkeun S.T.P. mah kieu tjenah:

Dina hidji peuting djero boe-lan Februari noe anjar kalwat, salasoerang pagawe poelisi kam poeng ngaran Marsaid, geus ka palingan hidji kareta mesin anoe disimpem di djero dapoerna. Ieu kpalinan kakara kanjahoan po-we soekna poekol 6 isoek-isoek, nja eta waktoe poelisi kampoeng balik ngaronda bet kasampak ran

te anoe dipake mageuhan panto dapoer teh geus pegat. Noeroet keun salasoerang toekang ngala tjai, ngaran Sarban, tjenah dina peuting eta teh koe manehna ka-tendjo Senen aja di djero eta pa karangan.

Koe sabab kitoe, teroes bae Se-nen djeung batoerna ngaran Re-bani harita keneh ditangkep digi ringkeun ka kalorahan.

Harita kabeneran loerah teh eu weuh di imahna, tapi ari doea dia djaka anoe ditioeding maling ka reta mesin tea mah teroes bae di-tahan di dinja. Kabehdieunakeun lantaran anoe disangka maling henteu daek ngakoe bae, koe tiloe pagawe poelisi kampoeng ngaran Wagiman, Mail djeung Marsaid, dihantem pada nareunggeulan koe masing-masing: kohkol awi, tjameti kareta djeung peureup.

Poegoch bae eta kadjadian teh matak ngageumpeurkeun, tapi teu boeroeng noe disiksana mah geus meunang sababaraha ben-djoel djeung geuneuk lebah tong gong toeer djeung di sababaha bagian awakna anoe sedjen.

Dina tanggal 24 Mei ieu per-kara geus dipariksa koe landge-gerecht, tapi tiloe pagawe poeli-si kampoeng noe kaseboet di loe hoer teh moengkir keras, henteu roemasa tjenah geus ngalakoek-keun kitoe.

Sakitan Marsaid ngakoekeun, jen waktoe doea djadika tea di bawa ka kalorahan, manehna mah indit ngoerilingan tegal ne angan kareta mesinna. Landrechter: Naha Senen djeung Rebani teh henteu ngakoe?

Sakitan: Nganken Rebani njanggemkeun, jen eta kareta me-sin teh parantos diitjal ka salasa oerang padamel postkantoor di Wonokromo.

Landrcht. Lamoen kitoe, naha atoech koe maneh make diteangan keneh di Tegal?

S: Margi abdi teu pertjanten kana katerangan manehna.

Ti dinja kagiliran sakitan Ma-li dipariksa, sarta ieu sakitan keu keul moengkir henteu roemasa geus ngadjalankeun panganiajaan. Leuwih djaoeh manehna ne-rangkeun, jen isoek-isoek harita manehna aja anoe ngageuingkeun tina sarena sarta teroes bae in-dit ka imah loerah. Di dinja ka-sampak koe manehna doea dia-djaka teh keur daricoek dina bang koe.

L: Waktoe datang ka imah loe rah, maneh mawa naon?

S: Henteu ngabantoe naon-naon.

L: Naha maneh henteu mawa petol?

S: Wantoe soempah henteu ngabantoe naon-naon.

Ti dinja teroes dipariksa sak-saksi djadika anoe dikaniaja tea dibagilirkeun.

Sanggeusna didjalankeun pa-pariksaan, sarta didenge kateran-gan saksi anoe pandjang lebar, achirna landrechter nanja, naon sababna dina papariksaan poeli-si maneh ngakoe geus maling eta kareta mesin.

Saksi ngakoekeun, jen oepama manehna henteu gantjang ngak-oe, meureun tjenah dihantem bae diareunggeulan koe poelisi noe tiloean teh, toer moal euib-eruh.

Kagiliran dipariksa saksi Sa-bar anoe katalian koe kabaraja-an ka saksi Rebani.

Ieu saksi mere katerangan wak-toe manehna rek indit kana paga-weanana di pabrik koelit Wonot-jolo, sakitan oedjoeg-oedjoeg nangkep bae Rebani, sarta teroes dibawa ka imah loerah.

Saksi harita teroes menta per-misi ka doenoenganana rek njam-berkeun ka kalorahan. Barang datang ka dinja katembong koe saksi sakitan Mail teh keur neunggeulan Rebani koe tjameti kareta.

L: Naha koe maneh eta tjame-ti kareta teh henteu geuwat di-rampas?

Saksi: Henteu wantoe, margi sakitan djadi poelisi kampoeng. L: Ari kitoe koemaha bae atoech maneh harita?

S: Koe abdi moeng digeung-geureuhkeun bae, soepaja ka saki-tan oelah neriskeun panganiaja-anana.

L: Naha maneh wani disoemp-ah pikeun netepkeun katerangan maneh?

S: Wantoe.

Saksi teroes disoempah, sarta sabadana ieu kagiliran dipariksa saksi agen poelisi ngaran Kamar.

Ieu saksi mere katerangan tina hal kadjadianana eta panganiaja-an. Manehna njahona kana eta kadjadian, kakara sanggeusna meunang parentah ti Wedana pi-keun njaloeakan sakitan Marsaid djeung koedoe neangan barang-

NGAWITAN PING 1 JUNI 1935
Di H.I.S. Babatan Bandoeng, parantos ngawitan nam pi pmoerideun kanggo VOORKLAS, le KLAS sa-reng sawatawis kanggo klas saekes.
Waktos nampi saban dinten sakola, ti taboeh 7 dong kap ka taboeh 12 siang, di sakola.
Hormatna noe ngadjeng?
Het Hoofd der School
W. VLEGHERT.
No. 150

GEMEENTELIJKE AMBACHTSSCHOOL
BANDOENG
Anoe bade ngalebtekeun moerabgkalih kanggo
Afdeling A: (Basa Malajoe)
Noe diadjarkeun:
njoegoe, nembok, mandaj sareng nga boeboet koe mesin.
Afdeling B: (Basa Walanda)
Noe diadjarkeun:
ngaboeboet koe mesin,
tiasa ditampi doegi ka ping 23 Juni 1935.
Noe kagoengan kapentingan tiasa soemping dina saban dinten, ti taboeh 7 endjing-endjing doegi ka taboeh 11 siang ka sakola di Burgemeester Coopsweg 36.
No 133.

Moeng diitjal salamina Uitverkoop:
Koeningan Gordijn pandjang 160 c.m. compleet sareng 8 ring f 0,75
Wadah lemareun compleet f 1,60
Bola WOL ageung, sahidjina f 0,10
Kasemir (salahi) kembang p. el f 0,18
Kasemir (salahi) polos p. el f 0,08
Toko „ANKER”
Pasar Baroe 96 Bandoeng 141

Bandoeng
(Kota djeung wewengkonna)
GANG BLANCO.
Desa Lengkonng teh kaasoeep de sa anoe beunang disoeboetkeun ge-de oge, sarta gegek koe tjatjah dji-wana. Malah koe djasana Gemeente, noe sakitoe aloesna teh Lengkonng mah ajeuna geus djadi desa noe pangberesihna lamoen dibandingkeun djeung katoekang toekang mah.
Di djero kampoeng teh geus boet-bat gang-gang beunang ngaspal, malah sakalian geus di-ngarakan sagala roepa.
Tapi naha atoech, lamoen oer-ang rada leumpang ka tebeh Ki-doel, di antara djalan Djati re-djeung Kolektor mah, aja gang — lamoen teu salah mah — geus aja 3 atawa 4 taonna tatjan di-ngarakan. Sedeng eta kampoeng henteu sisi-sisi teuing, nja eta aja di bawahan kota, malah beunang disoeboetkeun masih keneh poe-seurna kota.
Patali djeung kabotoehna oe-rang dinja, naha rek diantep bae, moal dingaranan!

MUTATIE DEPT. V. en W.
Kaidinan verlof dalapan boe-lan ka Europa lantaran geus ge-ne noet dienstna, toean Ir. A. P. Mioulet, ingenieur di S.S. Tan djongkarang, ditioeng ti mimiti tanggal 16 Desember 1935.
Idem sapoeloh boelan ka Eu-ropa, lantaran geus dalapan ta-oen dienstna, Mejr. R.A. Schwab, adjunct-boekhoudster di S.S. di-tioeng ti mimiti tanggal 16 Octo-ber 1935.
Dieureunkeun lantaran menta sorangan kalawan kahormatan

Barang boekti anoe dipake ngani-aja tea. Tapi anoe kapanggih koe manehna ngan kohkol awi bae.
L: Dimana kapanggihna eta barang boekti?
S: Di djero gardoeh sareng a-noe noedoehekeunana oge nja Marsaid pisan.
Nepi ka lebah dieu papariksa-an ditioenda, sarta katimbang sa-kitan anoe tiloe teh tetela dosa-na.
Maranehna ditibanan hoekoom dengda f 10.— (K.P.)

doeng, saperti a Landskas, ven-dukantoor, Belangaccountants-kantoor enz.
Toedjoeanana ieu perkoempoe-lan diadjar rikrik gemi koe dja-lan njengtelengankeun babare-ngan, noeloeng lid noe meunang kasoesian, mere ngindjeum doek-ka lid, soepaja oelah kapangaro-han koe woekers djeung r.r.d.
Berendelanana Bestuur noe a-njar nja eta:
Djoeragan Soejeod, Voorzitter, Moh. Rain, Secretaris, Prawira-koesoemah Penningmeester. Ka-lawan disesepeohan koe Djoera-gan Achmad Joesoep.

RAMPOG DI LEMBANG.
Dina inalem Kemis mangkoek-na di Tjibodas antara djalan Lem-bang — Tjikadjang — Panglipoe-ga lii (djalan R.R. noe anjar dibo-e ka tea!) geus aja kadjadian pa-rampogan.
Ita oerang kampoeng Kosambi keur djongdjon-djongdjon diek djeung pamadjikanana di dapoer. Lantaran harita teh sore keneh, a-toeh panto ka loear oge atjan di-loelakan, malah masih keneh mo-longo rada moeka.
Kira poekol satengah salapan, teu kanjahoan deui, oedjoeg-oed-joeg braj panto teh aja noe neum brag, boeroedoel sawatara djele-ma amsoep ka djero.
Barang katendjoen koe Ita, gantjang bae manehna ngoredjat tjengkat, nangtoeng pasang koeda koeda. Tapi roepana kapiheulaan manten koe rampog, dipapag si-rahna koe bedog.
Poegoch bae mani dewang ta-rangna, sarta harita ngaroempoe-joek di dinja.
Ari eta rampog-rampog tea te-roes ngadongkrak lawang ka te ngah imah.
Di kamar djero njampak aja I-boe Sangko keur sare. Nja ieu pisan minangka noe djadi loeloeg-oe piri-oempi di eta imah teh.
Nondenge noe tinggoeroedg I-boe Sangko gantjang ngoredjat tjengkat, tapi harita keneh koe rampog diboeroen, ditjarekelan pa-da ngaredjengan, bari dihantem dilelekan, nanjakeun, dimana di-teundeunna doeti.
Tapi sanadjan enja oge geus kolot djeung koerang tanaga, roe-pana bae Iboe Sangko teh rada-rada kaantjikan keneh koe esa keur ngora, wawanen bawo ti koedrat, da boektina tinimbang daek pasrah noedoeheun tempat njim-pen doelna kalah tegeer dibelaan nadah panjiksa.
Koe sabab kitoe, atoech kapak-sa rampog-rampog teh neangan palingneun sorangan.
Ari noe keur dipake koe Iboe Sangko, kira pangadij 75 roepia dipariksa diporosotkeun. Sate-roesna noe diarahah teh ngabong kar sala sahidji lomari noe aja di dinja, sarta aroentoeng manggih doeti 160 roepia.
Katjaritakeun sala saoeorang a-noe natangga ka dinja, barang ngadenge riboet-riboet, ngantjeng bae moeroe, taksiran bae koe ang kanaanana mah, rek noeloengan, tapi tilaka, tatjan oge nepi ka a-noe disedia, geus ngadiolopong manten, ditreunggeul sirahna koe sakadang rampog.
Ti dinja rampog-rampog teh tinjalaloek ka noe powek.
Sawatara toembak djaoehna ti imah noe dirampog tea, noe tas ngarampog teh pamprok djeung sala saoeorang pangeusi desa eta, noe samasakali teu boga sangka-an naon-naon, toer teu njaho ti ta dina aja rampog di lebah dinja.
Teu boeroeng bae ieu oge pada ngaredjeng, diborogod kana tang-kal kai, nepi ka teu bisaueun wala-kaia.
Powe mangkoekna soeboeh-soe-boeh keneh geus didjalankeun pa-pariksaan koe para djoeragan Wa-dana djeung Tjamat Lembang, nja kitoe deui koe detachements-commandant, inspecteur djeung hoofdagent Veldpolitie ti Ban-doeng djeung sawatara pagawe politie noe sedjenana deui.
Katerangan, noe leuwih djaoeh, moen perloe kahareup baris di-samboeg.

PAKOEMPOELAN KAPAPA-TENAN ANDIR (P.K.A.).
Sakoemaha anoe geus diwawar-keun dina ieu soerat kabar sawa-tara powe katoekang, nerangkeun jen di Gang Loena ngadeg hidji comite anoe dipingpin koe para djoeragan Sastraatmadja, Oding, Wiraesoemantri d.j.s.t., anoe mak-soedna baris ngadegkeun hidji pa-koempolan kapapatenan.
Dina powe mangkoekna tang-gal 30 Mei 1935, comite noe kase-boet di loehoer geus ngajakeun oprichingsvergadering tetpatna

Koran batoer
Begrooting Indonesia.
Dina ieu soerat kabar geus di-terangkeun, jen pikeun begrooting Indonesia dina taon 1936 teh ma-sih keneh kakeurangan 21 mili-oen roepia. Tapi tina djoemlah anoe sakitoe teh, ari ngadjalan-keun deui potongan gadjih mah moal — tjenah — ngan baris te-roes ngajakeun bezuinigung bae djeung ngoendakkeun padjeg mi-njak tanah, anoe djoemlahna ki-ra-kira 4.5 milioen, djeung onder-nemingsrubber kira-kira 2 atawa 3 milioen roepia.
Dina „Keng Po” anoe kamari, Redactie-na ieu soerat kabar geus njeun artikel tina ieu hal. Ring-kesna katerangan ieu Collega teh. — tjenah — katjida hadena la-moen pamarentah di Indonesia ngajakeun akal tarekah sedjen, babakoena oelah kalah ka naek-keun padjeg djeung teroes ngaja-keun bezuinigung, tapi paoesahan nagara koedoe digedean sakoema-ha anoe didjalankeun koe Japan atawa Amerika. Dina waktoe ajeu-na, katembongna pamarentah In-donesia tina ngagedean paoesah-an mah henteu sakoemaha ka-tembongna. Oepama ngingetkeun kana kaajaan, geuning koe didja-lankeunana panaekan padjeg reu-djeung lian-lianna teh, koe lanta-ran kaajaan economien teroes moendoer, begrooting keukeuh te-kort, anoe tadina ngalaman be-grooting teh 525 milioen, ajeuna ngan 300, kitoe oge masih keneh-aja bae katekoran 50 milioen.
Satoeloejna dina eta soerat ka-bar teh, nerangkeun kieu:

Tapi alangkah beratnja pe-ngorbanan jang ditaro atas poendaknja Indonesia, soepa-ja mendapat begrooting jang tjotjok inil
Behan belasting soedah di-naekin sampe di wates kemam-poean rahajat, dan belasting-belasting jang paling tida sym-pathiek seperti loonbelasting dan harga garam d.s.b. telah digoenakan.
Dari loon-belasting ini dida-pat f 1.4 million dari orang-orang jang mempoenjai hasil tida lebih dari 30 cent sehari. Djoemlah dari orang jang ke-na loonbelasting atas pangha-silan jang koerang dari 30 cent sehari ditaksir adalah 645.000.— sedang djoemlah o-rang dengan penghasilan anta-ra f 120.— sampai f 150.— tjoe-ma ada kira-kira 890.000. Dari sini ternjata bagaimana miskin adanya Indonesia.
Di sampingnja angka-ang-ka ini kita djoega bisa dapat kenjataan dari „gobang rapoer” jang terkenal, menoeroet mana rahajat idoeop dengan se-gobang sehari.
Kaloe kita pandang kemis-kinan ini di satoe fihak dan be-ban belasting jang begitoe ber-at di laen fihak, terbitlah per-tanjaan: Apa Indonesia bisa tahan lama memikoel begroo-ting jang „tjotjok” ini?

Sakitoe di antarana katerangan Collega di Pintoe Besar teh.
Pikeun oerang Sipatahoenan anoe ngarasa djadi oerang Priboe-mi, moedi? kana pamanggih oer-ang „Keng Po” kitoe teh, sabab na oerang Keng Po beunang dise-boetkeun pihak anoe neutraal (ngan saeokoer djadi belasting be-taler), tapi pamandangana ngueunahan pikeun anoe djadi raha-jat djeung pamarentahna.
Keur oerang Priboemi mah, a-noe rata-rata kahiroepanana hen-teu tjaroekoep, ngan saeokoer noe-hoen, lamoen pamarentah ngage-deukeun paesahaanana, sabab meureun kana koeli-koeli bae mah, pirakoe henteu kaakoe, da boe-boehanana kabisa ngan oekoer koeli.
E.M.

di boemina djoeragan Ardiwidja-ja (Gang Kam Soej), kalawan di datangan koe kira-kira 60 oerang.
Nja powe kamari pisan mimiti ngadegna eta pakoempolan teh.
Anoe kapilih djadi Bestuur:
1. Voorzitter: djoeragan Sastra atmadja.
2. Vice-voorzitter: djoeragan Oding.
3. Secretaris I: djoeragan Wira-soemantri.
4. Secretaris II: djoeragan Dar-maatmadja.
5. Penningmeester: djoeragan Ardiwidjaja.
6. Commissarissen para djoera-gan: Isak Martadhardja, Adis-keung Ocho.
Anoe djaradi lid dina powe eta-aja 45 oerang.



**GEBARDIN WOL 100 pCt. 82 Cent. p. El.**

Kwaliteit djempol 141  
Kleur modern  
Toean maoe tjari kemana lagi  
Kaloe boekan ka:  
Speciale Obral  
**TOKO "ANKER" ?**  
Pasarbaree 96 Bandoeng

Maksoedna eta pakoempolan pikeun ngadjalankeun toeloeng-tinoeloengan ka lid-lid-na dina waktoe kapapatanan djeung noengtoen kana djalan kahadean karokoenan agama darigama sarta adat sopan-santoe anoe oemoem.

Anoe ditarima djadi lid kana eta pakoempolan, ngan woengkoel oerang pribomei anoe agamana Islam di wewengkon desa Andir.

Noe loeareun desa Andir oge bisa ditarima noeroetkeun timbangan Bestuur.

**BIANTARANA TOEAN ORTT.**

Sakoemaha anoe geus ditoeelis dina programma Decentralisatie-Congres peuting tadi kalawan di mimitianana poekel salapan, di aula T.H.S. koe toean Ortt, hoofd ingenieur N.I.W.V. diajakeun bi antara tina hal „Ngoeroes djalan dina waktoe crisis“.

Noe daratang beunang diseboet loba oge. Sabadana toean Ortt, biantara na disamboeng koe toea Kist (ir.) anoe oge ngedalkeun pamandanganana djeung kasaloejoeanana reudjeung toean noe kaseboet ti heu la.

Kira-kira poekel sapoeleoh leu wih, sanggeusna noe biantara di noehoekkeun koe djoeragan Voorzitter, pasamoan ditoeet.

(Biantarana noe kaseboet di loe hoer, baris dimoeat powe Senen. Red.)

**LANDGERECHT BANDOENG**

Lobana perkara dina powe Djoemaah tanggal 31 Mei 1935, noe geus diasongkeun ka pangadilan landgerecht, djoemlahna aja 91 perkara. Noe geus bisa dipoe toes harita aja 90 perkara.

Noe mareunang hoekoeman deng da di antarana noe pangsaeutikna f 0.25 sarta noe panggedena sapoeleoh roepia.

Ari hoekoeman boei, ti mimiti lima powe nepi ka tiloe boelan lantaran maling, loentang-lantoeung djeung ngagoenakeun verdooven de middelen kalawan henteu make licentie.

Noe dibaskeun perkarana lan taran koerang kateranganana aja lima perkara djeung anoe teu bisa teroes ditoeingtoet koe pangadilan aja doea perkara.

**LANDRAAD BANDOENG**

Powe kamari pangadilan landraad Bandoeng geus mariksa reudjeung moetoeskeun 8 perkara saperti noe kaseboet ieu di handap:

Ngaran S. oerang Pakemitin geus maling barang-barang harga f 29.— bogana babah Djamboei (L.Dj.Ng.) oerang desa Pa dasoeke, dihoekoem boei 4 boelan.

Ngaran I. N. oerang desa Gandasoli, 2. S. oerang dinja keneh, geus babarengan maling 300 gedeng pare bogana Hadji Mansoor oerang Soreang, perkarana dilepas lantaran koerang kateranganana.

Ngaran M. oerang desa Tille-doe, geus maling parobot dapoer bogana Nji N. oerang Tjipageran dihoekoem boei 3 boelan.

Idem bogana Ma. E. djeung D. dihoekoem 3 boelan.

Ngaran A. bin M. oerang Soemedang, geus ngadjalankeun autobus teu boga rijbewijs, didenda f 7.50 atawa dihoekoem boei 20 powe.

Ngaran T.Tj.H. oerang Tjiba dakweg 157 geus ngalapkeun doeit f 32.— bogana Mas I. perkarana dilepas sabab koerang ka teranganana.

**Sport**

**Voetbal Mataram.**

(Koe medewerker Sip. di Mataram).

P.S.I.M. — Tj. TIDAR.

Powe Ahad pasosore meneran halodo di Asri, geus ditandingkeun doea club noe haseboet di loehoer.

Ti barang proeng nepi ka boe baran Mataram njekel pingpinan, tapi teu boeroeng bae ari kasoran mah koe 1—0, kitoena oge ari ploes - ari boebaran.

Roepana Mataram rada sial, doea kali ngahoekoeman finalty tapi doea kalianana nihil.

Pasangan barang proeng: P.S.I.M.

Soebowo  
Sambodj Wongso  
Soemantri Laesi Wogi  
Doelaelah Ngalm Mardio  
Wadjis Soeradi

Soegiarjo Harmaen  
Soegijo Kahar Girman  
Moerdjimin Soeroso Hirawan  
Poedjah Moekimin  
Soetjipito

Tj. Tidar.

Oedjoeg-oedjoeg beretek bae pribomei ngadesek ka Magelang, tapi berekah barisan toekangna beunang diandelkeun njegahan serangan moesoeh.

Teu lila sanggeusna bal balik deui ti tengah. Doelaelah koedoe djadi logodjo 12 pas. Nja ajeuna pisan waktoena ngasoepkeun teh tjek oerang Mataram, tapi njala han, ana beletak, negtoj keuna ka na tihang goel, ari maksoed mah rek sina mapaj djoeroe.

Hidji momeent matak ngoesap dada, waktoe Soemowo madjoe newak angin, ari bal geus ditoe-kangeunana, tjatjak lamoen teu kaberoe disamber koe Sambodj mah, noe geus tangtoe tea harita oge Mataram geus kaasoe-paan.

Mataram teroes bae ngadesek ka tamoe, sababaraha kali Doelaelah rek njoba-njoba nobroskeun pelorna ka djagaan moesoeh, tapi taja toeloengna.

Nepi ka ngaso masih blanco.

Sanadjan P.S.I.M. ganti maen na longpassing, tapi keukeuh bae taja paedahna, lantaran spellers tamoe noe ditoeakang verdedigend spelnaberes.

Koengsi harita P.S.I.M. ngahoe koeman finalty tapi nihil deui bae!

Powe beuki nerelek, beuki reup reupan, naha atoeah ari ploes teh P.S.I.M. kaasoeapan 1—0 mangkang kari samemit deui kana boe baran, djadi taja pisan waktoe keur naoer, bal katengah, soerilit disada pandjang, nitah boebaran.

Stand tetep 1—0 keur kaeng goelan Magelang.

**Biljart Mataram.**

(Koe medewerker Sip. di Mataram).

**S. FUJIWARA KAMPIOEN DOENJA.**

Malem Saptoe tanggal 24 ka 25 Mei 1935, Soceiteit de „Ver-eeniging“ geus kadatangan koe tamoe Japan noe geus kaasoeop kampioen doenja tina notog bola (biljarten).

Noe laladjo ti sagala bangsa henteu saeutik sanadjan kartjisa-na sakitoe mahalna mah.

Tamoe-tamoe ondangan di antaranana katembong toean Goepnoer, Toean Resident Djokja, toean Resident Magelang, Transla-teur d.j.r.d.

Mimiti toean S. Fujiwara ngala wan toean Tan Tik Sin kampioen Java, maen 200, karambol koe a-noe kaseboet ti heula koe 4 kali notog, serie panglobana 79, sedeng pribomei ngan oekoer meunang 88 punten, serie noe panglobana 28.

Ti dinja diselang koe toean Ie Thiam Jauw contra toean Han Poo Sioe (doea-doea kampioen Java), kaenggoelan ditjekel koe noe kaseboet ti heula.

Teroes ditema koe demonstratie toean S. Fujiwara, ngeuna-keun (notog) tiloe bola bari peureum, bola asoep kana doedoekoe moeteran gelas, mapaj djalan noe didjieun koe tiloe panotog, neangan batoerna noe doea, djeung roepa-roepa toetogan noe ane-aneh, noe katjida hesena kabeh di tembongkeun.

Saboebarna demonstratie teroes ieu tamoe ngalawan deui toean Tan Tik Sien, ajeuna mah ngoe-dag 400 punten, sarta 9 kali notog geus beakeun koe tamoe, serie a-noe panglobana 146, sedeng pribomei harita ngan meunang 101 punten, serie noe panglobana 69. Poekel 11.30 boebaran.

**Isokna.**

Malem Ahad tanggal 25 ka 26 Mei 1935, toean S. Fujiwara geus maen deui tempatna di biljart-Café-Fuji.

Party kahidji toean Leyssius contra toean Han Poo Sioe 200 punten. Beak koe toean Han Poo Sioe 33 toetogan, serie noe panggedena 21, sedeng toean L. meunang 95 punten, serie noe pangloehoerna 10.

Geus kitoe ditema koe party toean S. Fujiwara contra toean Ie Thiam Jauw, maen 400 punten Dina 16 toetogan kakara bisa beak koe pihak tamoe serie pangloehoerna 49, pihak pribomei ngan meunang 168 punten, serie noe panggedena 32.

Harita toean Fujiwara roepana masih tjape keneh oeroet peuting kamari, loba teuing ngajakeun demonstratie, malah harita oge hen teu loepoet ngaloeurkeun deui bae roepa-roepa demonstratie.

Sakitoe geus tjapena teh, isoek na teu boeroeng maen deui bae, njoempunan sakoemaha noe kaeni dina programmana.

**Telegram**

**PHILIPPIJEN**

**Pangkat President.**

Djendral Aguinaldo dicandidaatkeun.

Manila, 28 Mei (Aneta-Iwaki). Generaal Aguinaldo geus nerang keun, jen andjeunna rek keresa kana sakoemaha tjita-tjitana a-noe atanget ka andjeunna, didamel candidaat pikeun kapresidenan di gemeenebest Philippina.

**PORTUGAL**

**Gara-gara bom bitoe.**

Meh bae djiwa para minis ters tiwas!

Lissabon, 28 Mei (Aneta-Trans ocean). Minister-minister van Oorlog, Marine djeung Binnenlandsche Zaken, noe keur njaksi an manoeuvres deukeut Lissabon, mani meh-meh tiwas djiwana dilantarankeun koe bitoena granaat noe teu sabaraha djaochna ti di nja.

18 oerang noe sedjenna padapada mareunang tatoe.

Poegeoh bae goejeor, harita ke neh njabar bedja, padjah aja noe rek ngarah kana djiwana para minis-ter. Tapi koe ministerie van Oorlog ieu bedja dibantah.

Ditetelakeun, jen pangna bom bitoe teh taja lian eta mah ngan koe tariking tjilaka bae.

**FRANKRIJK.**

**Soerat kawasa ti kabinet.**

Koe ministerraad disahkeun.

Parijs, 28 Mei (Aneta-Reuter) Ministerraad geus ngesahkeun ka na tekst wetsontwerp, noe mere kakawasaan sapinoeh-pinoehna ka pamarentahan.

Communiqué pamarentah netep keun: „Kajajaan doeit nagara, lamoen ditilik tina dihat teknik, samasakali uweuh factor-factor noe sakira matak ngabahajakeun kana oeroesan harga doeit.“

Kasoehan kiwari babakoena ditimbelkeun koe panaradjangna speculanten, noe koe pamarentah ajeuna rek dipoetoeskeun.

Tina ontwerp noe koengsi diasongkeun ka Kamer diterangkeun, jen pamarentah teh dibere kakawasaan „geusan ngajakeun sagala atoeran anoe katimbang perloe soepaja bisa ngabangoen deui openbare geldmiddelen, nga hadean roemah-tangga rahajat, nangtajoengan indjeuman djeung ngoekoehan pangadji doeit.“

Powe ieu Kamerzitting ditoe-da, sarta dipendoerkeun kana tanggal 30 Mei, kalawan atjan aja stemanana kana ontwerp tea.

Flandin tidjadjaligdjeng loeng-soer tina korsi tempat biantara. Gantjang bae koe para doktore (diantarana aja sadereka) noe ngalalandongan andjeunna, pada moeroe diparajang ka boemina.

Dina biantara noe pikasiederuun pisan, permier teh geus nerang-keun, jen sanadjan dasarna epg goning pangadji doeit kertas bisa dikoekeohan kana harga emas, tapi roepara bae pamarentah moal bisa tahan kana ngentjarna emas mah.

Di saantero nagara koe mangpi ran-pirang kalangan geus dibangoen organisatie noe karoeat geu-an ngaragrakkeun harga doeit, teu beda dianggapna mani saper ti neureuj oebar noe matak seger. Nja kitoe deui speculanten asing ngandeng maksoed njiar kaoen toengan mangmilliard-milliard tina franc teh.

Sing saha noe nolak mere kakawasaan noe loear biasa ka kae-cela, sarta kapaksa engke sanggeusna sawatara powe masrah-keun eta kakawasaan ka pamaren-tahan anjar, tangtoe parlementair regiem djeung franc teh bakal ngaranapan pameupeuh noe lain loemajan.

**ITALIE.**

**Mobilisatie anjar.**

Ngareugreugan di Europa.

Rome, 29 Mei (Aneta-Havas). Patali djeung kasalempangan, a-noe dikedalkeun koe nagara-nagara noe misobat ka Italie, doemeh koe diang-iangkeunana balad Italie ka Oost-Afrika teh, di anggapna Italie di Europa samasakali moal boga kakoeatan mili-ter.

Koe sabab eta pamarentah Italie ajeuna geus netepkeun rek nga mobiliseer deui balad-balad anjar. Tapi, atjan aja kateranganana litching mana-manana noe kakeoereng koe ieu atoeran teh.

Reuter geus nambahan katera ngan kana hal ieu, jen bisa djadi bakal dibangoen litching anjar kira-kira 200.000 oerang, sarta dina powe-powe ieu baris dikoe-mpoelkeun.

Ajeuna Italie teh geus ngamobi liseer litching 1911. 1913 reudjeung 1914, djoemlah-djambleh kira aja 900.000 sirah.

**OOSTENRIJK.**

**Oostenrijk djeung staatkundena.**

Djawaban ka Hitler

Weenen, 29 Mei (Aneta-Trans ocean). Bonds-kanselier Schusch-nigg geus masihan katerangan pandjang-lebar tina hal bagbagan nagara Oostenrijk di djero djeung loear nagarana. Ieu teh minangka djawaban kana biantara kanselier Hitler dina Rijksdag noe anjar ka liwat tea, nja eta noe njabit-nja-bit ka Oostenrijk.

**ENGLAND.**

**Inggis djeung Littauen.**

Londen, 29 Mei (Aneta-Trans ocean). Simon di Lagerhuis geus nerangkeun, jen djawaban ti pamarentah Littauen, kana nota Frankrijk - Inggis - Italie teh geus katarama. Tapi dianggapna koe pamarentah Inggis mah eta djawaban henteu matak njoegema-keun. Koe sabab kitoe pamarentah Inggis rek babadaman djeung Frankrijk katoet Italie, sangkan bisa netepkeun tindakan mana deui noe baris didjalankeun, oepa ma memang aja perloena deui pi-keun tjampoer tangan.

**West Europeesch verdrag.**

Djerman ngasongkeun rantjangna.

Londen, 30 Mei (Aneta-Reuter). Gezant Djerman geus ngasongkeun rantjang Djerman pikeun West-Europeesch verdrag ka minister Simon.

Nepi ka kiwari atjan kabedja-keun aja anoe anehna.

**FRANKRIJK.**

**Soerat kawasa ditolak.**

Pamarentahan boebar.

Parijs, 31 Mei (Aneta-Reuter). Rarantjang wet geusan mere kakawasaan loear biasa ka pamaren-tah kalawan 353 ngalawan 202 soeara ditolak.

Pamarentahan boebar.

**Bouisson kapantjengan ngabangoen deui kabinet anjar.**

Parijs, 31 Mei (Aneta-Reuter) President Lebrun mapantjengan ka Bouisson, soepaja boeroe-boeroe ngabangoen deui kabinet anjar, sangkan ajeuna-ajeuna keneh bisa ngadjalankeun pamarentahan.

(Bouisson teh dina taon 1874 dilahirkeun sebagai socialist sarta dina taon 1926 geus kapilih kana Voorzitter di Kamer).

Anoe nanda tangan di handap ieu sareng familie ngabatoerkeun reboe-reboe noehoen kana pertoele-nganana Toean CH. HARDIN TABIB, di Soeniara djaweg 8A. Telefoon. No. 1664 Bandoeng.

Lantaran parantos masihan pitoeloeng waktoes poen anak Raden Achmad Bidjat kataradjang koe panjakit NJERI BEUHEUNG, doegi ka saena pisan, kalawan dina waktoes sakudeung pisan sareng henteu matak djanten sesah.

Koe margi eta, sim koering moedji make djalan ieu kana kamoestadjabana landong-landong nja kitoe deui kana pangabisana toean Tabib anoe kasebat di loehoer.

Wa'salam

R. RANGGA PRAWIRAKOESOEMA  
Gep. Wedana, Andir No. 424.

Bandoeng, 28 Mei 1935 15

**GROOT GABARDINE MAGAZIJN**  
**Firma „Tan Tjoei Gin“**  
PASAR-BAROE  
TELEFOON 50  
Memberi tahoe bahwa

**PEMBOEKAN dari CONFECTIE - AFDEELING**  
pada tanggal 1 JUNI 1935.

MENJEDIAKAN:

- Roepa-roepa djas dan tilana boe-
- at toean-toean dan anak-anak da-
- lem roepa-roepa oekoeran.

**BANJAK PILIHAN.**

Kita poenja CONFECTIE-AFDEELING dipinggin oleh salah satoe Europ. vakman jang soedah biasa.

**Boeat tempo doea Minggoe lamanja,**  
moelat 30 MEI t/m 12 JUNI 1935 kita kasih reductie 10 % boeat barga-barga CONFECTIE-ARTIKE-LEN.

Djangan kasih liwat ini tempo jang baik!!! 57

**BELGIE.**  
**Bewapening Djerman.**  
Oud-premier njalahkeun ka Frankrijk.

Brussel, 29 Mei (Aneta-Trans ocean). Premier bareto De Broqueville dina debat hal politik loear nagara, geus netelakeun, jen andjeunna taoen toekang teh koengsi ngajakeun babadantenan soeal ontwapeung djeung Djerman, sarta harita koe andjeunna diadvies, soepaja patokan kakoe atan balatantara teh disiepekeun kana 200.000 soldadoe. Nja kitoe deui saer andjeunna harita teh, eta babadaman saroea kitoe di-djalankeunana koedoe sasoeke-soekana bae.

Tapi, saer spreker, ari koe Frankrijk mah hajoh make ditarekahan sakedah-polah, sangkan eta pamakoedan tea henteu laksana. Malah, saerana, koe perdjalan-nanana Barthou oge geus mere boekti, noe pohara todjajahna reu djeung pamaksadan andjeunna, sabab nja ti waktoe harita pisan timboelna poenggoel - oenggoel parobot perang teh, teu beda reudjeung mere tijtjiren politik pi-geusaneun perang.

**VERGADERING COLLEGE**  
Njamboeng bedja di loehoer, jen College van Gedelegeerden, powe kamari geus ngajakeun ver-gadering, sarta ti antarana anoe geus diterangkeun aja deui anoe kabadamikeun dina ieu vergade-ring teh, nja eta petite-voorstel a-noe diasongkeun koe toean Feuil letau de Bruijn, babakoena ngan ter djeung kateranganana toean Peekema anoe djadi Regeerings-gemachtigde sarta ngadarkerun pandjang lebar, koemaha sikepna pamarentah dina oeroesan con-flict, hartina pamarentah katjida henteu satoedjoena lamoen salila na aja bae conflict antara rahajat djeung Volksraad d.j.s.t. Malah ti na ieu oeresan teh oelah nepi ka djadi debat, tjoekeop koe inter-pellatie bae.

**Bedja-pandeuiri**  
NJOEHOENKEUN SOEPAJA IR. SOEKARNO DIPAPARIN GRATIE.



Toean van Holst Pelakaan, teu kersa djadi Gedelegeer de.

Ti antarana soerat-soerat anoe katarima deui koe College van Gedelegeerden, aja soeratna ti toean anoe kaseboet di loehoer, sarta dina eta soerat teh nerangkeun, andjeunna henteu kersa pikeun namp; kana ka-elidan anoe kase-boet tjikeuh.

Soerat anoe katiloe tina per-kara Ir. Soekarno tea.

Sakoemaha anoe geus diterang-keun di loehoer, jen djoeragan Djajasoeemita, oerang Tjimanoe-k, geus njanggakeun soerat ka Col-lege van Gedelegeerden, soepaja Ir. Soekarno dipaparin gratie.



**Kawadajiban noe djanten illoe.**  
Ngoeroes roemah tangga sareng ngadjaji noerangkalih.



Kana padamelan noe kasebat di loehoer teu kenging disebat enteng.  
Tapi padamelan anoe karaosna beurat kenging didamel ham pang koe kamandjoeranana.

**Hiu Ngi Fen's**  
**ANGGOER TJAP BOELAN**

Eta Anggoer teu aji deul lalawanana kangge:

NGIATKEN KANA SALIRA  
NAMBIHAN TJAI PINA-REUP  
- E.F. Moethalib, Oen Lian Hwa Nio, Kho Kin Liong, J.Kho Tjhi an Nio, R.A. Toelianingsari, Lo Boe Khian, Soehadji, Piat Nio Han, Masjroel, Juliman Soeleman Lie Tjwan Giok, J.P.E. Tan Ti ong Bik, H.Ban An Lie, Tegoech Soehardjo, Tan Hong Bo, Tan Hik Han, Ong Kwee Bwee, Han Swie King, Soemarsono, C. Tan Lian Nio, E. Lauw Giok Khing- B. Koo, Nio Liem Nio, S. Han, M. Soemarjo, Pwa Hong Gwan, Liem Khing Han, Tjao Kian Dji Liem, R. A. Moedjati, L. Liem, M. Soetijadi, R. Djoko Pramono, R. A. Bektj Soemantri, Go Ping Hong, Go Ping Gam, Ong Liang Kiong.

DITEWDK KOE PESO BLATI

Asal tina pareboet tempat.

Di pasar Sidboardjo tatjan sa- koemaha lilana geus aja kadjadi- an saperti noe kaseboet di loe- hoer. Noeroetkeun katerangkna- mah mimitina teh kieu:

Sakoemaha biasa toekang dara- gang di pasar anoe imahna dja- raech daratanna teh sok tengah- peuting nja eta maksoedna soepa- a bisa neundeun daganganana- pikeun isoekna. Kakjadian dina- aidji peuting salah sahidji toekang- dagang geus make tempat batoer- anoe harita datangna rada elat. Koelantaran noe kaseboet pandeu- ri keuheul katambah tambah noe- nempatanana ditiatah pindah em- boengeun teroes bae njaboer pe- so blatina sarta ditewekeun, keu- na palebah beubeunyna. Noe tji- laka harita keneh oge teroes di- kirimkeun ka roemah sakit, ari- noe newekna ditahan koe politie.

Noeroetkeun bedja pandeu- ri tjeah noe newekna teh odrang- Madoera.

PABRIK PABRIK GOFLA.

Ajeuna keur ngagi- ling deui.

Pabrik pabrik goela anoe dina- waktoe ieu keur ngagiling deui- saperti biasa djoemlahna kabeh- aja sapeloeh nja eta ieu noe ka- seboet di handap:

Tangkil, Loewoenggadja, gen- ding, de Maas, Tjomal, Soember- Kareng, Petaroeakan, Gempolkrep, Tasikmadoe djeung Olen.

BEDJA OFFICIEEL.

Noeroetkeun bisloeit tanggal 23- Mei 1945 ti Civil Departement- geus diureunkeun kalawan ka- hormatan, sarta ditoeung ti mimiti- ti tanggal 31 April 1935:

- P.Th. Elfring, Directeur N.V. Levensverzekering My "Nillmij 1859 Mr. P.C. Dwarshuis, Ad- ministrateur Departement Finan- cien. Prof Mr. B. ter Haar Hoeg- leeraar R.H.S. di Batawi. W.N.J.M. Allard, Lid Alge- meene Rekenkamer. G.J. Jobsis, Directeur Neder- landsch Indische Handelsbank- Limasrana kabeh djadi Commis- saris pikeun ngoeroeskeun Pen- sioen-Weduwen-en-Weezenfonds- Indische burgerlijke ambtenaren. A.J. de Haan Kolonel Milita- ire Administratie. de Vroeg Ir. S.C.W.J. Bijl Agent- Javasche Bank di Bandoeng, W.A. van Zuylen, Majoor Artij- lerie. H.A.E. Vennik Luitenant Kolo- Genie.

Opatan kabeh djadi Commissa- ris pikeun ngoeroeskeun Pensi- oenfonds Weduwen en Wee- zenfonds Militaire koloniale Lands- dienaren di Indonesia.

Dibenoemd kana Commissaris- pikeun ngoeroeskeun Pensioen- fonds Landsdienaren di Indone- sia sarta ditoeung ti mimiti tang- gal 1 Mei 1935:

- Mr. P.C. Dwarshuis, Adminis- trateur Departement Financien. P.Th. Elfring, Directeur N.V. Levensverzekering My "Nillmij 1859. G.J. Jobsis, Directeur Neder- landsch Indische Handelsbank di- Indonesia. M. Meinez, panstoenan hoofd- ambtenaar anoe tadina djadi- Hoofd di Kantor Reiszwezen sar- ta oge koengsi djadi President- Hoofdbestuur Vereeniging "Pe- sonee- Landskantoren".

P. Mourer, Majoor di Milita- ire Administratie.

Ditjaboet bisloeit tanggal 26- Maart 1935 hal dibenoemna deui- toean JJ. kana Beheerder Pensi- oen-Weduwen-en-Weezenfons- pikeun burgerlijke djeung lo- cale ambtenaren di Indonesia.

Hal ngereunkeun toean W. H.G. van Santen sabagi wakil- pagawean noe kaseboet di loe- hoer djeung toean Mr. L. Lan- ce Beheerder ka doea di Pensi- oenfonds.

Dibenoemd kana Vertegen- woordig Directie Pensioenfond- sines Indonesia JJ. Hakkert.

Beheerder Civile Pensioenfond s'en.

Idem pikeun ngawakilan noe ka- seboet di loehoer W.H.C. van- Santen wd Beheerder idea. Idem kana Inspecteur Beleg- gingsdienst Pensioenfondsea di- Indonesia, E.J. Martens, Inspecteur- Belegging di idem.

DRUKKERIJ

TJAHJAPASOENDAN

Pekiringan 88 - Pasarbalong- CHERIBON- Selamanja mengeloearken Druk- werken jang setjara modern, dan- harganjaepoen moerah.

PANGAOS MIRING!

Pangaos toeroen!

Moeng kangge lebet sasih MEI bae.

EAGLE GRAMOPHOON

Boeaton Europa

kwaliteit sae, sorana tarik sareng 12 plaat.

Pangaos f 25.- a'contant.

Toko ANG WEST

Passar Baroq 34 - Bandoeng

Sanggoep bikin soerat perdjandjian atau pake kwit- tantie dimana zegel, begitoe djoega pake perdjandjian- jang baek.

Dikaloe itoe panjakit tida bisa baek, wang bisa teri- ma kembali.

Harep Toean dan Njonja-njonja djangan ragoe-ragoe, oleh karena itoe Toean mendapat bewijs jang tjoekeop' Panjakit entjok (Rheumatiek) Panjakit medien (Dysen- therie) perempoean keloeur darah kepoetian (Pektay), Sakit perempoean (Radjasinga) Kentjing nanah atawa- darah (Gonorria) Sakit napas (Asthma) Batoek basah dan- kering, Setengah badan mati (Verlamming), Kentjing- manis dan Batoe, Sakit mata segala matjem, Koerang- koewat laki-laki (Amptancy) Beri-beri, Perempoean- datang boelan tida tjotjok, perempoean tisa bisa boen- ting, bisa mengobatin sampe boenting.

Penjakit Zenuwen, dan bisa mengobatin lain-lain pe- njakit dalam dan loewar.

Djam bitjara: Noorde West India

8-1 pagi TABIB MIRZA

4-9 sore Regentsweg No 19 Bandoeng

Djoega boleh panggil datang didalem dan diloear kota- Minjak Express, jaitoe Minjak Tangkoer, terbikin dari- minjak boeaja, boeat orang jang plesir koerang koewat- (Tooyang), boleh pake saban hari, ditanggoeng keras- nja loear biasa 10 Gram f 1-

117

KASESAHAN

teh tara gembleng djanten karoegelan, namoeng aja- oge centean na. Abli tani bojong gampil pepelakawana- djadi sae sarta njoemakeun.

Soemangga soemping ka "Nas", margi parantos- disajagikeun bibit: sajoera, kekembangan; nja kitoe- deui gemoe sareng gemoe kangge noempesna.

Gemoe-ger- tea kaloearan Djerman sareng- Amerika, oge kenging djanog ngagemoe pare dj.s.t.

Itjaleun deui badanter: ka adageo:

No. 152 TOKO "NAS"

Gr. Postweg West 197 Telf. 707

BANDOENG

GIOK HOA

Gr. Postw. West (Andir) 280, Telf. 561 Bandoeng

Ada adres satoe-satoenja jang paling moerah, boeat- barang-barang.

Besi, wadja dan koeningan.


Tjet2, pakoe, zirk ember dan cement.

Engsel, sekroep, toelak dan katel.

Sejaia kaperloean boeat bikin roemah-kontrak, beng- kel besi dan lain-lainnja.

Importeur dari tjoeke tjap Kientji dan saboen? wangi.

No. 151.



IMPORTEUR: N.V. H.MIJ. "VODES" SEMARANG



**Dokter SOENARIO SARWONO**

REGENTS WEG 15 — TELF. 996 — BANDOENG

Sanggem ngalandongan sanes-kanten panjawat, maradian sareng ajoeroes noe babar, nepitan moerangkali.

Waktosna nampi tamoe { 7 — 9 endjtig<sup>2</sup>  
4.30 — 6 sonten

Dinten Minggoe sareng ndinten noe di moeljaeun noemoelkeun perdjandjian. Kenging disaer wajah koemaha bae ka boemi



**DOKTER H. Heerdjan**



21 April 1935

Ti Simpangan Tjijtendo Kebon Kawoeng Teletoon 780

**PINDAH ka NARIPAN No. 35**

Saban dinten nampi noe bade lalandong

Endjtig ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9, sareng

Siang .. 4 .. 6.

**Dr. L. P. AUGUSTIN**  
Arts.

Boeat sakit djantoeng, sakit koelit dan sakit perampoean. Djoega *Algemeene praktijk*. Pa kai lampoe dan menara-menara listrik.

Djam bitjara 8 — 10  
5 — 6

NARIPANWEG No. 25 BANDOENG Telf. 1106. No. 135

Aos sing doegi ka toetoezna s. kabar Soenda  
**SIPATAHOENAN**

**MENAWARKAN.**

Kita sedia banjak roepa-roepa barang seperti: Tjita-tjita, Cre pede Chine polos, Crepe Marokain kem bang, Gabardine wool 100%, Linnen drill poetih, Poplin strip, Badjoe wool prampoean, Minjak wangi, Badjoe Pijama, Badjoe kamedja, tempat sirih, Koffer koelit Koffes Fibre, Koffer besi wadja d.l.l.

Harep Toean dan Njon<sup>2</sup> dateng blandja, sekalian saksikan harga tanggoeng lebih moerah dari lain Toko.

99 **TOKO "JAVA"**  
Pasar Baroe 76 (Moeka Pasar) Bandoeng

**BEWARA.**

Ti ngawitan 1 Juni 1935, koran "Sipatahoenan" kangge di wewengkon BATAVIA—CENTRUM sareng Mr. CORNELIS henteu dibagikeun deui koe loo per ti "Sipatahoenan" namoeng nampina teh ti postloo per.

Taja sanes koe djalan ieu soepados para djoeran langganan Sip. di wewengkon noe kasebat di loe hoer djadi oeninga.

Hormatna  
**Adm. Sipatahoenan.**

**NGABOENG-BANG.**

Koe:  
**OSCARA.**

6

Rek naon make dijgdjig ka Bandoeng? Leuheung basa lamoen kapanggih djelemana, koemaha la moen henteu, da poegoeh Bandoeng teh legal!

"Koemaha atoeh da era koe ba toer, djeung karoenja koe akang, da meureun kababawa kotor, reudjeung koeing teh rek waktja bae ka kang Oetjoep teh teu weleh beurat, bae zew weleh njaah."

"Perkara kaera mah gampang, atoeh oerang parindah bae ti dieu. Titinggal bapa djoel sawareh keur bekel oerang; sawareh deui sina ditoenggoean koe ema di dieu.

Ari kainger ka Oetjoep mah, tangtoe bae akang moel bisa nja rek. Pek ajeuna mah pikir masing

asak, oelah kadjoeroeng koe napsoe."

Geus sataoen Omon djeung Nji Ningsih ngalabarana di dajeh, Pakasabanana dagang sajoeran. Teu woedoe bae sandang pangan na tjoekoe oge. Laki rabina ioleos. Nji Ningsih sareng pisan koemawoelana ka noe djadi salaki teh, tina toemarima ka noe noe loengan dina waktje manehna keur meunang tjilaka.

Ngan saroepea noe tatjan katjoem ponan kana kawadjiabanana teh, saktioe geus ngadjoeroe! Boedakna awewe geulis, pikaloetjoeeun, keur sedeng pisan tjoeeun.

Katjida pisan dienodna, teu aja deui gawena sabot Omon masar, iwal ti ngagoegoeloeng boedak.

Omon oge roepana njaheun ka boedak teh, kawantoe katjoo sapo powe.

Ka Nji Ningsih oge teu weleh sabar, ngadagoan ridona. Poe goeh sakapeung mah manehna ampir teu koeat nahan kabirahian ka

**Apakah toean**



**rasa sakitnja**

bekas panas matahari keras? Oleh karena toean terlampau berpeleoh, maka koelit toean boleh pedih dan petjah pada beberapa tempat. Djoega toean gampang dapat penakit koelit lain, seompama betik<sup>2</sup>. Kaki toean boleh loeka, atau belakang dan pantat toean boleh loeka oleh menangoeng kereta atau koda. Djoega koelit kaki toean boleh djadi begitoe lembik, sebab berdiri dalam air pada waktje bekerdja disawah d.l.l. Djanganlah biarkan toean rasa sakit jang tida oesah itoe, akan tetapi gosokkanlah pada tempat<sup>2</sup> pedih dan loeka itoe dengan lekas

**PUROL**

obat serasi, jang segera mengoerangkan sakit dan lekas menjemboehkan loeka apa djoega.

Selamantja ingatlah, bahwa dengan menghamboeri koelit toean dengan tertib sama

**BEDAK PUROL**

jang menjemboehkan ini, maka toean dapat memerangi pedih dan petjah koelit toean tersebut peleoh.

Purul dalam kaleng dari 40 dan 75 sen. Tube 1 l. — Bedak Purol dalam koepli dari 90 sen dan 1.50. Pada roemah obat dan toko<sup>2</sup>.



Cl. 58.

**KOSTHUIS**

voor studeerende jongelui event. ook voor werkenden Gunstig gelegen, rustige omgeving, zeer billijk tarief. Brieven met letter "K."

**Tida 1 dalam 100**

Ja, tida satoe dalem 100 orang taoe qualiteit barang bagimana ada jang baik. Dengan gampang pembeli bisa kadieblis.

Itoe bergantoeng sama sekali dari pendjoelaja. Dari itoe kaloe Djoeragan maoe pake barang, taeolah pada adres siapa Djoeragan moesti beli. Ja-itoe pada adres jang pegang tinggi nama tokonja, sebab adres jang soe dah terkenal ada mendjadi satoe tanggoengan.

Terlebi-lebi kaloe Djoeragan membeli kain Batikan, Djoeragan misti pergi pada toko jang pegang Qualiteit. Dengan harga menjenangken toko "De STIA" Pangeran Soemedangweg Bd.

Sedia roepa<sup>2</sup> kain Batikan Tenoenan petji dan ketoeoedeng. 14  
N. B. Berlangganan sama kita berarti Berhemat.

**DJANGAN**



**LOEPA INI!**

Selaloe bawa satoe boengkoes Tiger Balashin Sai! Balashin Sai enak rasanja dalem moeloet dan bikin bersi dan lindoengken pekakas-pekakas pranti napas. Sakit peroet, koerang napsoe makan, 'nak, dan laen-laen penjakit demikian semoeanja linjap dengan lantassasoedanja makan

**TIGER BALASHIN SAI**

Bisa terdapat di semoea roemah obat.

ENG AUN TONG, Molenvliet W. 174, Tel. Bat. 1090

Anggo salamina:

SAPATOE

SELOP

TAROEMPAH

SANDAL

Kaloerang:

**Schoenwinkel "ARDJOENO"**

Soeniaradjaweg 71 — BANDOENG

**Pernikahan Boeang air**

Kalau peroet sekat, pakailah satoe Foster's Maagpill seboeloem pergi tidoer. Pagi<sup>2</sup> boeang air besar dengan gampang dan senang. f 0.80 sebotol disemoea roemah obat.

**FOSTER'S MAAGPILLEN**

Telef. Adm. 1520

**PALAJ OENINGA**

naon kapentingan dina Agama Islam? Gampil langganan bae

**AL-MAWA'IDZ**

Serat kabar Agama Islam minggoean.

Alamat: MANONDJAJAWEG, TASIKMALAJA.

geus ngarandapan tjoetjoea noe sa kitoe poharana, kapan moenggoeh di kota mah oemoer saktioe teh, meudjeuhna sarakola keneh.

Hadena bae aja noe ngabelan. Omon, djalma moelja hatena. Sihoreng moenggoehing kaloeheo ngan boedi mah teu toekoeh koeoed di noe pinter, noe asak panga djaran bae.

Boekti di Omon, oerang kampoeng baobe lisoeng, oekoer sakola desa, meunang atikan ti indoeng noe sama sakali teu njaho di pangadjaran.

Meureun bakat koe sono, teu bisa nendjo djirimna, soegan nen djo-nendjo koeboeranana.

Hidji powe Nji Ningsih bebe-dja rek djarah ka makam anakna.

Koe Omon diidinan, malah dibarengan pisan, dibelaan henteu masar.

Deukeut koeboeran kabeneran pisan rame koe noe karoeli, keur

digarawe dina solokan Irrigatie.

Nji Ningsih sadatang-datang ka koeboeran, ngan segroek bae tjeurik bari njambat ka anakna. Sasar disangkeh leumpangna oge, da mani leuleus teu aja tangan pa ngawasa.

Sabot ngadagoan sado, gek da rioek dina dempling sisi djalan. Gerrr kadenge sora motor, reg eureun lebah noe digarawe. Djoet hidji nonoman kewes pantes toeroen tina motor.

Sihoreng djoeragan Ads. Opzichter, rek ngaronda.

Barang ret Nji Ningsih awas ka djoeragan Opzichter, ngan dje rit bae ngadjerit.

Ngan saketjap: "Kang Oetjoep" les bae kapioehan.....

Lamoen teu disanggap mah koe Omon, meureun ragrag kana taneuh.

Djoeragan Opzichter ngagebeg ngadangoe anoe ngadjerit. Panasaraneun, nja disampeurkeun.

Barang ret ka noe ngagoler di

na lahoenan, reup beureum, nga-hoeleng teu lemek - teu njarek.

Breh mani atra..... lemboer singkoer, imah kampoeng, boedak parawan rek ngangkat beger. Goe noeng leutik katodjo koe sorotna boelan, doea leungeun karasa pa geuh nangkeup kana poendoeok. Haneutna tjipanoe noe temboes kana dadana.

(Samboengean).



## Papasten.

Sanadjan tanah oerang, tanah Pasoendan, ti tiloe madhab diwa tesan koe laoet, tapi meureun rea keneh anoe tatjan terang di la-oet mah.

Kaajaanana Laoet-Kaler, beunang diibaratkeun kana sitoe anoe katjida legana; djadi lamoen oerang nangtoeng di sisi basisir teh, djaba ti ngarasa heran koe dadamelan Anoe Maha Kawasa, aja rasa kelar sarta waas.

Tapi di basisir\* Laoet-Kidoel mah, soemawonna anoe kakara pi san, aja rasa risi reudjeung ketir, sabab tjaina pohara motahna, tinggeleger tinggoeloegoes sora lambak anoe djaraoeh, ari anoe deukeut, seak kadengena, sora ninggangna tjai kana kikisik ata wa kana batoe-batoe tjadas.

Lamoen heug kaajaanana basisir kidoel oedoeh tjara basisir kaler, moal koengsi ratoesan taoen meureun enggeus beak kabawa lambak.

Katjida matak helokna, tjai la oet anoe sakitoe oeploek-aplakna, ajana geus reboean taoen, tapi henteu njaatan henteu ngaloban.

Sadjaba ti dinja, make aja pasang reudjeung aja soeroed deui, oenggal-oenggal sapowe sapeuting. Pasang, nja eta laoet eukeur gede, ari soeroed laoet eukeur orot.

Di ieu doenja, lega laoetan ti manan daratan, kira-kira aja tiloe-kalieun leuwih.

Koe ajana laoetan anoe sakitoe legana, pohara ngoentoengkeunana ka djelema-djelema. Malah, bisa djadi sabalikna lamoen teu aja laoetan mah, taksiran, djelema-djelema sasatoan, tatangka lan oge, moal aja.

Nja koe lantaran ajana laoetan djelema-djelema bisa silih ki rima redjeki, toekeur pangarti, dj.s.t. reudjeung anoe tjaritjing di djaoehna. Kitoe deui barisana patepoeng bangsa ieu djeung bangsa itoe.

Oerang Walanda oge, anoe ajana di tanah Nederland, anoe sakitoe djaoehna, bisana datang ka tanah oerang teh, nja koe lantaran ajana laoetan.

Ari tanah Nederland teh, tanah handap. Beda deui djeung boek tina tanah handap di oerang.

Tanah handap di oerang, har tina tanah anoe loehoerna meh papak, atawa loehoer sacutik ti batan beungeutna tjai laoet, saba likna tina tanah loehoer, pagoenengan.

Ari ieu mah diseboet handap teh, sahandapeun koelit tjilaoet. Rata-rata 1 m. sahandapeun beungeut tjai laoet. Malah aja anoe leuwih ti kitoe handapna.

Djadi lamoen di toeroet-toeroet basisirna henteu aja panghalang

anoe koeat, dina waktoe pasang, geus tangtoe eta tanah kakeueum.

Tapi henteu saantero tanah Ne derland handap kitoe, aja anoe leuwih loehoer ti batan beungeut tjai laoet.

Nja kitoe deui, rea tempat-tempat, anoe lain sahandapeun beungeut tjai laoet bae, tapi sahandapeun dasar waloengan deui.

Djadi, lain bahaja kabandjiran laoet woengkoel, tapi djeung bahaja bandjir waloengan deui.

Soepaja leuwih terang, ajeuna bedjana eukeur ngamimitian deui, noehoerkeun laoet, dipitjeun tjaina, baris didjieun nagara, ditjittingan koe djelema.

Lain sisi-sisi basisir bae, anoe ditohagaan dibenteng teh, tapi si sisi-sisi waloengan oge nja kitoe keneh, soepaja oelah pinanggih reudjeung bahaja kabandjiran.

Anoe matak leuwih heran ka oerang, anoe tatjan ngaboektikeun, eta, ngotjorna tjai waloengan ka laoet, djeung asoep bidjilna kapal-kapal, atawa parahoe-parahoe ka palaboean-palaboean, ka waloengan-wanoengan, toer kapan tanah Nederland teh, rata-rata sahandapeun beungeut tjai laoet.

Tjindekna, tanah Nederland teh, salawasna diantjam koe ba haja bandjir.

Dina taoen 1421, kapareumna-keun, angin laoet anoe datangna ti kaler-koelon katjida gedena, ngalantarankeun tjai laoet beung kak, djadi loehoer, neumbag ka basisir, nepi ka tjai waloengan-waloengan poegag, henteu bisa te roes ngotjor ka laoet.

Ti dinja tjaina malik deui, sar ta beuki lila beuki gede, Toengtoengna benteng anoe aja toeroet sisi-sisi waloengan, anoe diseboet dijk, brah bae bedah, teu koeat nahan tjai eta waloengan anoe sa kitoe gedena.

Harita keneh, dibagian gede ti na tanah-tanah bagian Nederland beulah koelon, Provincie Zuid Holland anoe aja sisi waloengan Maas kakeueum koe tjai.

Katjaritakeun di dinja aja imah leutik, anoe ditjittingan koe sa-koer, toekang tani, katiloe anak na aweue, orok keneh.

Kebon, tegalan djeung boeroe an eta Toekang tani geus kakeueum koe tjai, sarta henteu koeng si sadjongdjongan lilana, geus asoep ka djero imah.

Omong salakina „Gantjang ka loehoer, ka para!”

Pamadjikanana kodjengkang njokot anakna dina randjang orok, (oewih, wieg), dirawoe, di bawa naek, bari omongna: „Bawa, eta oewihna!”

Salakina, kadjaba ti njokot oewih, njokotan anoe sedjen deui, saperti, papakean, kadaharan, sa koer anoe karawel.

Ti dinja kalatjat naek ka para. Geus kitoe sok boedak teh dikedengkeun dina oewih, reup bae sare.

Ana ditempo ka loear, geus plang bae sakoeriling boengking dikeueum koe tjai.

Tina koe bawaning sieun reudjeung bingoeng, toengtoengna gek darioek pahareup-hareup, awak ngadegdeg, angen ratoeg, pa non ngalimba, henteu ngaromong kitoe-kieu, ngadago-dago, naon anoe baris toemiba.

Tjai beuki loehoer, sarta imah geus teu adjeg nangtoengna, roe jad-rejod diteumbagan koe ombak.

Hateup tingdorokdok katioep koe angin anoe sakitoe gedena. Asalna dioek pahareup-hareup, beuki deukeut-beuki deukeut.

Toengtoengna patjikel-tjikel leungeun tipepereket, bawaning geus teu poegoeh rasa.

Angin ngageleboeg, sorana nga doedoedan.

Ti dinja datang angin, anoe ge de katjida, leuwih ti batan anoe enggeus-enggeus. Dorokdok imah teh roentoeh, leong kabawa tjai.

Awewena ngan oekoer bisa njo ara kieu: „Goeloengan boedak!”

Geus kitoe mah, les bae moes na, teu aja naon-naon deui.

Harita, lain ngan eta woengkoel, anoe paeh moesna, kabawa tjaah teh, tapi rea kabina-bina. Aja 72 lemboer anoe kakeueum kabandjiran, malah anoe 20 mah nepi ka kiwari henteu djadi lemboer deui, teroes bae ngarantja nja anoe ajeuna diseboet Biesbosch tea. Sababaraha taoen lila na, masih aja keneh tjiri-tjirina oeroet-oeroet lemboer nja eta koe patilasan-patilasan moenara, anoe tembong sapatong, henteu ka keueum koe tjai.

Koe lantaran angin loear biasa, djelema-djelema anoe di lemboer-lemboer sedjen oge, anoe aja sagirangenana, pada karaget pada sarieun.

Anoe dibaroeroe, teu aja deui, nja benteng sisi-sisi waloengan tea, dijk, harajang nganjahokeun, koemaha kaajaanana tjai waloengan.

Malah harita aja hidji gegeden anoe oeloebioeng, angkat ningali kaajaanana tjai.

Saoer istrina: „Enggal moelih deui, abd; keueung!”

Gagantjangan angkatna, ngaboedjeng sisi waloengan, anoe aja loearun dajeh.

Ti kadjaoehan koe andjeunna katingali, rea djelema-djelema ngagimboeng sisi waloengan bari tingtaroeudjoek:

Toeloej koe andjeunna disampeurkeun.

Omong anoe saorang: „Naon itoe teh, sosolojongan bae?”

## DRUKKERIJ TJAHJAPASOENDAN

Pekiringan 88 - Pasa-balong  
CHERIBON

Selamanja mengeloerken Drukkerijen jang setjara modern, dan barganjapoen moerah.

Djawab anoe sedjen: „Kandang babi meureun kabawa palid!”

Tjeuk anoe sedjen deui: „Ah, karandjang!”

Omong djelema anoe kaopat, sanggeus kira-kira samemit: „Euleuh! Oewih geuning!”

Beuki deukeut beuki deukeut, eta oewih kaanginkeun ka sisi.

Ti dinja aja anoe ngagorowok: „Euleuh! Orok geuning di djerona!”

Geus kitoe rame tingtjorowok: „Boedak! Boedak! Boedak!”

Torodjol aja anoe mawa gantar, anoe dikakaitan toengtoengna toeloej oewih teh dikait, dita rik ka sisi.

Menak anoe tadi ditjaritakeun tea ngadegna panghareupna.

Barang oewihna geus di sisi, andjeunna ngarongkong, njandak eta boedak, bari sasaoeran:

„Keun ieu boedak milik kaela!” Noehoen masih hiroep keneh, sarta walagri henteu aja kitoe-kieu, ngan roepana kabeleosan!”

Andjeunna morosotkeun mantelna, diango moengkoes eta boedak, angkat gagantjangan, moelih ngaboedjeng istrina.

Ti kadjaoehan keneh oge, istri na geus digentraan, saorna: „Njai! Geuwat ieu boeroe! Anak oerang anoe geus euweuh teh, datang deui!”

Eta boedak dingaranan „Beatriks” si oentoeng, moen oerang mah.

Pohara dipikanjaahna, teu beda djeung ka poeta sadjati.

Engkena eta moerangkali ka goengan tjaroeg ka oerang Dordrecht, djelema anoe beunjar pi san.

Eta sababna anoe matak dijk lebah dinja, diseboetna „Kinderdijk”.

Nja di dinja asal-moeasana, sarta ti waktoe harita nepi ka ajeuna, eta ngaran henteu leungit.

Ti harita dijk-dijk tea beuki tambah-tambah ditohaganana djeung dialoesanana, soemawonna pangmitjeunan tjaina mah.

Antarana ti sisi waloengan ka na dijk dilegaan, nepi ka aja anoe 1 km.



## KARNEHAN.

Sagala bilangan, anoe angka-na tiloe siki, sarta angka ratoesa nana leuwih gede ti batan angka hidjianana, ditjangkolong koe bilangan anoe tiloe angka keneh, anoe angkana saroea djeung anoe tadi, ngan dibalikkeun, angka hidjian djadi ratoesan, angka ratosan djadi hidjian; toeloej sesana didjoemlahkeun djeung bilangan anoe sabalikna bilangan sesa tea, nja eta hidjianana didjieun ratosan, sarta ratoesanana didjieun hidjian, djoemlahna salawasna 1089 bae.

Tjontona:

945	270	100	301
549	072	001	103
396	198	099	198
698	891	990	891
1089	1089	1089	1089

gang manoe, ngaliwat ka dinja, ka handapeun tangkal kai, anoe diareunteupan gagak-gagak tea.

Gagak-gagak anoe rea, barang narandjo, di handap aja djelema, geleber bae halaliber djaoeh, Tapi ari anoe boga sora aloes mah, djongdjong bae disada, henteu loe ak-lieuk, ni'mat boengah ngarara sakeun sora ngeunah, temahna djadi balangah kana sagala baha ja anoe baris toemiba kana dirina.

Barang eta djelema ngadenge sora gagak anoe sakitoe ngeunahna, katjida kabitaunana, sabab tjeuk pikiranana, tangtote mahal hargana lamoen heug didjoel teh, lantaran manoe loear biasa.

Kalatjat manehna naek, ngado-doho anoe eukeur soeka boengah.

Gabroeg bae diroengkoep koe djaring, diboentel diasopkeun ka na koeroeng kosong; djepret pan toea disosi, dipageuhan. Regejeng ditanggoeng djeung koeroeng-koe roeng manoe anoe sedjen, gagan tjanggan ngadjoegdjoeug ka lemboerna.

Sadatang-datang ka imahna, henteu ngoeroes dikatjape, deker bae koeroeng gagak teh diomean, dihias diernas dihad-hade, sarta teroes njeun merk, anoe kieu oenina:

„Gagak loear biasa, hade roepana, ngeunah sorana, bisa ngawih ngadjombali.”

Isoekna, soeboeh-soeboeh, geus regejeng deui, ditanggoeng dibawa ka tempat anoe rame, dikoe-beng koe mota, dikamedikeun, sarta teroes masangkeun merek tea di loear.

Boeroedjel djelema-djelema teh arasoep, tjroeng-tjroeng malajar kontan.

Kitoe bae oenggal-oenggal powe, sora aloes anoe beunang koe-roe tjileuh kentel peudjit, neneda moemoedja, djadi kaentoengan batoer, dipake modal oesaha.

Katjarita manoe gagak, anoe asal goembira, takaboer koe sora aloes, poendjoel ti sasama manoe lila-lila ngarasa kaloeman, lantaran beurang peuting dikeroengan henteu bisa ngentjar kalawan sakama-kama.

Toengtoengna timboel hate ka-doehoeng, datang rasa handjakal, koe sabab ngadjoedjoer napsoe, ngoembar kahajang, henteu kalawan panalar, henteu toemarima kana papasten sorangan.

Balik deui kana boga rasa hina, leuwih hina ti batan katoekang-toekang, basa eukeur ngabogaan sora anoe kasar sarta garihal.

Dina kaopat - poeloh powena, djol deui istri geulis teh soemping, nembongan, ngadeukeutan gagak tea, soerna: „Koemaha ajeuna, masih tetep kahajang teh, hajang ngabogaan sora aloes?”

Djambab gagak bari semoe eraeun: „Narah! Hajang diwangsoelkeun deui bae sapertos kapoengkoer, margi karaosna koe abdi, raos kapoengkoer. Oepami tetep kieu, tangtos salamina moal tiasa te pang deui sareng poen biang, nja kitoe deui sareng babatoeran, malah bawaning koe kakeselan sareng kaloeman, boe-boe matak pondok oemoer.

Koe margi eta, moegi enggal-enggal bae diwangsoelkeun deui.”

Saoer istri: „Hadel Tapi maneh koedoe djangdji, jen moal deui-deui, aral soebaha koe kahinaan, henteu toemarima kana papasten, anoe enggeus ditibankeun ka diri maneh!”

Oelah ngabibisani, ngaleulewi hi! Sarerea geus pada boga adjang, masing-masing geus dipas ti, samilikna-samilikna.”

Gagak: „Soemangga.”

Istri: „Pamatoek maneh gegelkeun kana eta sarigsig koeroeng, toeloej digosok-gosokkeun, sing meunang 100 balikan.”

Geus kitoe, les deui istri geulis teh gaib.

Samoelihna istri, toeloej bae si gagak teh ngagosok-gosokkeun pamatoekna 100 balikan, nepi ka tjapeun pisan.

Reup bae kaheesan, Njaring-njaring, kahoedangkeun koe djelema-djelema anoe arek ngalaladjo an manehna.

Omong toekang manoe: „Manoe loetjoel Gagak loear biasal Geura prak disada, anoe matak ngaherankeun manoesal!”

Ana goak disada, ger bae djelema-djelema teh sareuri saloesoe rakan, sabab disadana disada gagak biasa. „Goak — Goak!”

Atoeh toekang manoe teh ka tjida kawiwiranganana, era sarta keuheul.

Isoekna, disadana kitoe keneh bae.

Toengtoengna tina bawaning koe keuheul, koeloepoer bae dileu paskeun.

Boengah anoe taja papadana, leuwih boengah ti batan basa mimiti narima sora ngeunah, boenga ngang lalaga, leupas tina pandjara, ngapoeng moemboel, ngadjoeg djoeg indoeng, anoe katjipta taja kendatna, teu aja deui anoe diboro-boro, sono hajang geura gok paamprok, niat persetja, sedja menta pangampoera.

## Goegoejon.

Intjoe: „Aki! Ti iraha aki djadi aki?”

Aki: „Ti barang maneh didjoeroeun.”

Intjoe: „Lamoen koering henteu didjoeroeun meureun moal meunang pangkat aki.”

Aki: „Heueuh!”

Intjoe: „Atoeh ari kitoe mah, koering koedoe diperesen, da aki djeneng teh lantaran koering!”

Den Tjetje dina vacantie boelan hareup baris angkat natamoe di ejangna, di Bogor, koe sabab eta koe iboena ti ajeuna diwoeroekan tata-tata ka sepoe, dina waktos njarengan toeng, ngadeu heusan dj.s.t.

Den Tjetje: „Oepami abdi koe ejang dipaparin koe lapis anoe raos tea, geuning. Naha nedana kedah nganggo garpoeh, i'boe?”

Iboena: „Poegoeh bae! Kahade oelah koe leungeun, isin!”

Tjetje: „Deuh, abdi mah sieun teu tiasa. Atoeh, tjobi-tjobi heula bae, i'boe, ajeunal!”

Omong anoe laladjo ka toekang soelap: „Geuning eta oraj noe mah tih teh, siga henteu aja doea meter pandjangna, henteu tjotjog teu djeung wawaranana!”

Toekang soelap: „Mangga bae oekoer koe andjeun, ari teu pertjanten mah! Ieu mangga eloanana!”

### KOEDOE SING TALITI.

Dina paribasa deungeun aja anoe kieu pisoendaeunana: „Tina lantaran anoe teu pira, sok djadi mamala.”

Ieu arek medar roepa-roepa tjon to anoe koedoe didjieun pieunteungeun, jen djalma noe koerang ta liti henteu hade, komo anoe henteu pisan taliti mah matak roegi:

#### I. „PALING-BAIK”

Djaman mamang njekel gawe di Pontianak, oerang dinja loba anoe tatali hoeripna tina miara oraj santja, koelitna didjoelan, mahal pisan.

Aja njonja oerang Parasman sa torodjolna ti Paris, tatjan bisa ngomong Malajoe, oekoer njaho kana „baik” hartina hade, djeung saetak-saetik basa Walanda, di antarana ketjap „paling” anoe pisoendaeunana loebang (beloet).

Hidji mangsa aja noe dagang anak oraj ngaliwat, koe njonja di eureunkeun, da samaroekeun noe dagang laeok. Njonja nanja koe peta bari ngomong: „Baik?”

Djawab toekang oraj: „Wah, Nja, ini oeler memang PALING BAIK!”

Kahartina koe njonja eta teh be loet noe panghade-hadena, toeloej dibeuili, diasakan didahar.

Da tjatjan eta njonja taliti mah mapajna, moal ieu..... jejjijj beloet sisan eta mah.

#### II. POHO NJIEUN KOMA (.)

Pa Sahawi gede ambek. Hidji mangsa nampa soerat ti minantoe na (Nji Sarnah pamadjikan Sa

hawi), kieu pokna:

Bapa si Oedjang tanggal 12 Moeloed arek kawin ka anak loerah. Bapa koedoe boeroeboeroe datang ajeuna bari ma wa soeloh djeung beas.

### SARNAH.

Poedigidig bapa Sahawi ngambek ka anakna, da njaah ka minantoe, asa rek diteungteuinganan dipannjandoengkeun.

Gedjlig indit lalakon otobes 2 djam djaoehna ge.

Sadatang-datang kerewek Sahawi (anakna) ditjekek bari ditjarekan laklak dasar doemeh rek mangjandoengkeun. Moen teu kaboeroe pada njapih mah doeka.

Ari sihoreng soerat teh salah, doemeh poho koma.

Koedoena kieu:

Bapa, si Oedjang tanggal 12 Moeloed rek kawin ka anak loerah dj.s.t.

Da anoe rek kawinna oge anakna Sahawi, lain Sahawi-na.

Sarnah koerang taliti njeun soeratna, ari Pa Sahawi koerang taliti tatanja.

### III. BASA MALAJOE.

Di Sindanglaja, aja lemboer ngaranna „Kampoeng Balakang”. Watara saparapat pal ti dinja aja Walanda, ngingoe andjing aloes.

Hidji mangsa eta andjing leupas, katingali koe toean, teroes mi warang toekang kebon. Simin, pokna: „Kebon, itoe andjing bawa di belakang en moesti diiket.”

Simin nadjan teu pati ngarti oge, tapi teu nanjakeun, ngan reke tek bae andjing dibendoan (diiket), teroes ditoengtoen ka kampoeng Balakang, dideuheuskeun ka djoeragan Rangga sobatna toe an tea. Da tjeuk pikir Simin moal teu kitoe maksoedna.

Lamoen seug Simin taliti basa dititah, pirakoe nepi ka ngera-ngeran maneh.

### IV. PAHILI KOPER.

Ieu mah lalakon mamang pribadi basa balik Congres di Tasikmalaja taon 1934.

Koper teh saroea pisan djeung bogana bibi oetoesan tjabang B. Koe koeli pelat direndengkeun, da samaroekeun mamang djeung bi bi teh „batoer saimah” doemeh njaba babarengan (da djeung doe loer apan).

Nepi ka T, mamang mah toeroen, koper di kana sadokeun, teu barang ilikan heula, kitoe deui bibi teu barang tatan, jen anoe diba wa koe koeli teh koperna.

Kareta api teroes ngadioes ka B, mamang ngabiribit balik ka lemboer dina sado.

Nepi ka imah kakara kanjahan barang diboeke koe batoer saimah, eusina kabaja djeung koetang karembong, onderok, samping kebat djeung kontji satoros.

Mamang nja handeuul nja reu was, djeung karoenja ka bibi noe di B, tada teuing oedar-adorna moal bisa moeka panto.

Hadena bibi henteu timboeroenan, ngan orokaja njeuseulna ma-



## Dongeng.

### GAGAK.

Djaman baheula pisan, aja hidji anak gagak anoe keur meudjeuhna resep oelin, hiberan ka goenoeng-goenoeng, ka reuma ka tegalan-tegalan, nganteur kasoeka anana.

Dina hidji powe, pok ngomong ka indoengna: „Emal koe naon sababna, noe matak bangsa oerang, gagak, henteu bisa disada ngeunah, ngawih tjara manoeek ha oer atawa titiran? Ngan oekoer go ak-goak bae, teu matak pikaresepeun batoer!”

Djawab indoengna: „Enggeus kitoe bae, teu aja sabab-sababna. Papasten oerang kieu, tatjan poe goeh leuwih goreng ti batan lamoen djeung ditakdirkeun hade sora.”

Anak gagak: „Ah poegoch geus karasa koe koering, lamoen pek disada teh, ti batan didarenekeun, anggoer ditaringgalkeun, ba ngoen henteu raresepeun pisan, komo lamoen kadenge koe djelema mah, djol belewer bae nenggor. Oepama aja, anoe bisa ngarobah sora, koering mah rek lah lahan bae, sanadjan sakoemaha djaoehna djeung sakoemaha beuratna pameulina oge, sedja dilakonan.”

Indoengna: „Nja ari kitoe mah, koemaha karep, koemaha kaha-jang, ema teu bisa maksa ngahalang-halang. Geusan pangreug-reug hate, aja babasan kieu: „Naon-naon anoe dipikaresep koe oerang reudjeung tjengeng manteng, awal ahir pinasti titekanan, sabab Goesti Allah kawasa, wenang koe maha bae oge, asal oerangna koe sarta kawasa ngadjalankeun pameulina.”

Beuki mahal anoe dipikahayang na, beuki beurat pameulina. Djig bae, ajuna mah maneh geura in dit, djoedjoeq pameudjaan, anoe aja di goendeng koe!”

Sanggeus pamitan, geleber a-gak gagak teh hiber, ngadjoeq-djoeq pagoenoengan anoe ditoe-

ni kawas katjang ninggang ka-djang.

Arek ngoedag kareta pirakoe, toeroeg-toeroeg eta teh noe tadi kareta pangabisan.

Kapaksa kana taksi, boelek-balik f 8.— kitoe ge seuseut.

Ari datang ka imahna bibi, ka sampak keur rambisak bari mopo wek di tepas (Bibi teh njewa imah njeungan kadoea badeqa noe harita mah balik ka lemboer, eada njingsal ti tatangga).

Minangka pakaoelan djeung ngoepahan ka mamang, kalawan teu katangen, ongi s taksi dikeupeulkeun ka soepir, da eta bae ba rang rek dibajar, bet tjek soepir teh: „Parantos koe toeng rai”.

Aja-aja bae. Tjoba moen mamang taliti sarta bibi toweksa moel ieh aja kadjadian kitoe.

Do'a mamang,  
SOLEMAN.

doehkeun koe indoengna tea; nga don moemoedja semedi, neda-neda ka Noe Maha Kawasa, hajang dipaparin sora anoe ngeunah.

Katjaritakeun dina hidji powe, keur meudjeuhna tjengeng manteng neneda, bari toengkoel nge-loek dina tangkal kai anoe loe-hoer, djol-djol djleg bae hidji istri neulis kawanti-wanti, endah ka bina-bina, ngadeg di hareupeuna-na.

Ti dinja pok sasaoeran, bari pa semon manis: „Maneh teh hajang naon, mana banget-banget teuing, nepi ka dibelaan teu njatoe teu nginoem sababaraha lilana?”

Gagak: „Hojong dipaparin sora anoe raos, oelah sapertos ajeuna, karadak garihal.”

Istri: „Djadi maneh teh henteu toemarima kana papasten, toegenah doemeh dikadarkeun boga sora teu ngeunah?”

Gagak: „Soemoehoen.”

Istri: „Pamenta maneh baris di tjoemponan. Koe maneh koedoe di rarasakeun dina djero 40 powe.

Engke kami baris datang deui, manggihan maneh. Di handapeun ieu tangkal aja boengboeahan, la leutik, anoe roepana warna-warna anoe roepana beureum koe maneh koedoe dihakan!”

Sanggeus sasaoeran kitoe, les istri teh leungit deui, teu kanjaho an kamana los-losanana.

Ti dinja kalajang gagak teh ka handap, neangan boeboeahan anoe beureum tea.

Sanggeus kapanggih, teup eunteup dina dahan anoe leubeut. Tjok, boeah teh dipatjok, teroes dilegleg. Barang geus aja lima boeah anoe diteureuj, pek njoban-joba disada. Tapi angger keneh bae sorana teu robah.

Tjok deui matjokan, sarta teroes dileglegan, nepi ka meh kamerkaan.

Ti dinja reup bae manehna he-es. Barang lilir, ngarasa seger ka tjida, leuwih ti batan sasari.

Ngong bae, njoba-njoba disada.

Bener, ajeuna mah ngeunah sorana teh.

Geleber bae manehna hiber, neangan batoerna, bari teu eureun-eureun disada.

Manoeek-manoek sedjen, anoe ngadarengeeun sarta nendjo roepana anoe disada, pohara karage teunana.

Gantjangna nepi kana hidji tangkal kai, anoe deukeut dipake pang eunteupan sababaraha gagak, ma samoan pada bahatoeranana.

Eukeur rame-rame tinggaroak, ngong bae manehna disada, anoe katjida ngeunahna sarta matak waasna.

Atoeh djep bae djempe batoerbatoerna mah, kabeh ngabandoe-ngan sora manehanana.

Hantem bae disada ngelak, teu aja eureunna, kawantoe anjar boga pangabisan, toeroeg-toeroeg dipianeh koe sarerea.

Katjaritakeun aja toekang da-

## SASADIAAN.

— (Samboengan). —

Doepi abdi, ngembankeun timbalan iboe tea, ngaboedjeng karaton anjar, anoe aja sisi-sisi waloe ngan Weser, noe disebut Irena.

Koe abdi parantos kataloeng-tik saniskantenna. Saparantosna enggal bae wangsoel, ngaboedjeng ka dieu.

Koe emoetan, sadaja timbalan koe abdi katjoemponan.”

Gudruna katjida ngaregepkeunana kana tjaritaanana Boerebistes.

„Noehoen Boerebistes! Katari ma pisan!”

Boerebistes katjida boenghaeunana ngadenge omongna Gudruna na kitoe, toeloel soedjoed, njioem toengtoeng mantel Gudruna.

Gudruna ngomong deui: „Koe maha perdjoerit-perdjoerit bangsa Kat djeung bangsa Cherush, koengsi diharewosan koe maneh?”

Boerebistes: „Kantenan, malah dibantoean koe Siegmund”.

Gudruna: „Soekoer! Katjida iboe soegemana! Ajeuna mah geura tjig ka ditoe ngaso, ngareureuh keun tjapel Menta dahar ka Attlor! Isoekan isoek-isoek maneh koedoe ka landeuh, adjakan babatoeran oerang! Gela, poetra Radja Arimunt tea geus aja di dinja djeung Wulfo. Koe ieboe didjoe roengkeun ka pandaj, koe maraneh sarerea, mahna eta pandaj, Boerald, koedoe didjaraga, nja ki toe deui Atthalarich, bisi aja kitoe kieu ka ahli waris Arimunt!”

„Oendjoek soemangga, iboe”

„Pek! Didoakeun koe iboe!”

Inditna Boerebistes bangoen asa-asa. Sanggeus meunang doa langkah, manehna malik deui, bari pok nanja lalaoenan ka Gudruna: „Iboel! Koemaha abdi teh, masih keneh teu atjan dihapoe ra koe Anoe Maha Kawasa?”

Djawab Gudruna: „Badan katotet njawa maneh Goesti Allah anoe kagoengan. Koe sabab eta, maneh koedoe boga rasa, jen sala lawasna, salampah-lampah maneh koe Andjeunna dipentjrong. Engke oge, dimana geus nepi kana mangsana, tangtue maneh diham-poera, sarta kahadean maneh koe Andjeunna ditarima. Sateroesna maneh moal meunang bebendoe, ngan woengkoel gandjaran anoe karasa”.

Boerebistes ngoenggek, top njo kot gobang djeung mantel, rap di pake, gedjilig indit, bloes asoep ka djero leuweung.

Gudruna tinggal njalira, ngadjentoel toengkoel menekoeng ni ngal djagat koe panjipta, ngararasa sagala noe geus toemiba, njoeroep-njoeroep lakoe noe baris dipadjoel, sedja anoe baris dipilampah.

Batoe-batoe noe ngarioeng, djiga woedjoed noe hariroep, hawar hawar kahibaran koe doeroekan, anoe aja di tengah-tengah lingkoe ngan, anoe matak njamarkeun panningal djalma.

Di eta tempat, parantina Gudruna narima djelema-djelema anoe ngadareuheusan, sarta waktoena ti peuting.

Soemawonna djelema anoe baringan, sanadjan noe loedeungan anoe teu aja kasieun, toekang ngasoerik paleuweungan, ana djol ka dinja mah, koedoe bae aja poe ringkakna, atawa terteranana, ba waning koe geueuman, geueumana.

Koemaha teu rek geueuman, di tengah leuweung gerotan aja tempat lenang anoe teu sabaraha legana, di tengah-tengahna doeroekan, anoe seuneuna ngan oekoer hoeroeng meueusan, sakoerilingna batoe tingdjalegir, kawas beunang ngatoer; toeroeg-toeroeg tengah peuting, anoe keur meudjeuhna dideuheusanana panganggona sing sarwa bodas, tjalik njalira, henteu obah-obah.

Attlor, anoe ngadjadapkeun Boerebistes ka loear, djol deui datang, leumpang ngetejep; teroes ngasoer-ngasoer piroenan, bari di soeloehan, nepi ka hoeroengna, tamba kesel ngadagoan doenenganana goegah tina moemoedjana.

„Aja pandaj, iboe!” omong Attlor.

„Sina kadicul” Djawabna Gudruna, bari djoeng nangtoeng lalaoenan.

Teu koengsi lila, djol Attlor datang deui, ngiringkeun Boerald, pandaj tea, njampeurkeun.

Prak-prakanana Boerald tjara Boerebistes tea bae, samemeh asoep kana djero kalang batoe, noenda heula gobang djeung mantel, ti dinja kakara njampeurkeun Gudruna, ngadongkokeun awakna ka hareup, tanda ngahormat.

Gudruna males, ngoenggeuk, omongna:

„Pek geura tjarital! Naon anoe enggeus dipigawe koe maneh teh?”

— „Koe emoetan, parantos seueur oge kekengingan teh, siang wengi dokdak teu aja lirena. Doe gi ka dinten ieu parantos kenging 1000 gobang, anoe kiat sareng seukeut, djabi ti dinja lempag sareng paksina.

Ngadamel paksina tiloe kali-eun lempagna. Doepi kepeng dipidamelna koe baroedak, Pibahaneunana beusi masih seueur keneh pisan.”

— „Soekoer! Tah, koedoe kitoe Koemaha eta pakarang teh di soempoetkeun?”

— „Kantenan. Di leuweung, Moeng abdi bae sababatoeran anoe terang teh.”

— „Pek toeloelkeun digarawe teh! Dimana tjoendoe kana wak toena, datang kana mangsana, oelah kakoerangan, ngan kari prak bae.

Koemaha omongan djelema-djelema dina waktoe ieu?”

— „Koe rarasaan mah meh ka oebek, oenggal lemboer, oenggal desa. Doepi pisanggemma abdi-abdi henteu sami, boh santana boh somahan. Sapalih kieu sang gemna:

Geus ngarasa kagagah rongkahanana oerang Roem teh. Tobatl Geus teu oentoepan bae, ari ngaroeroegan mah.

Ngan lamoen itoe ngahadja-hadja naradjang ka oerang, nja da-



lah dikoemaha, sedja tohtohan dilawan. sanadjan nepi kana ben tjar dada.

Tjeuk noe sapalih deui:  
Nanaonan make aja karep nga roeroegan oerang Roem? Da hen teu ngarogikeun atawa njangsa ra ka djelema-djelema, malah-malah ngoentoengkeun? Geuning oerang bisa ngadjoel hasil boemi. ingon-ingon, djeung rea-rea deui.

Aja deui anoe kieu:  
Naha henteu boga boedi roema sa? Apan geuning mindeng pisan noeloengan, ngabantoe ngagem-poer moesoeh, anoe hianat ka oerang?

Tjindekna, anoe diingetkeun teh anoe parantos - parantos kajalanan bae, henteu aja anoe mikir pi kapajoeneun mah, benten deui sa reng baroedak anoe ngarora, ieu mah oepami soeloeh mah moeng kantoen njoendoet."

— „Teroeskeun bae, eta pagawean maneh!

Djaba ti dinja, kami mere nja ho, jen poetra Radja Arimunt geus soemping."

— „Noehoen! Noehoen! Geus moal lepat deui leber wawanen, noeroen ka ramana."

— „Ajeuna geuwat-geuwat ne ang patilasan ramana, koedoe geuwat-geuwat ngadjoeroengan, nga hatoeranan andjeunna djeung saderekna Wulfo, soepaja ngandjrek di maneh.

Wulfo koe maneh koedoe dioe roes dangdananana, sakoemaha dangdanan kaperdjoeritan bangsa menak-menak!

Djeung poma eta Radja poetra Gela, koe manch koedoe didjaga, masing ati-ati!"

— „Oendjoek soemangga. Leuh mana teuing baroengaheunana ab di-abdi, oepami tarerangeun! Ka andjeunna mah tangtos enggal mi goesti bae!"

— „Masing rentjep! Koedoe pageuh kana rasiah! Djoeng geu ra miang! Tetela, manch teh dje lema satoehoe."

Sanggeus dongko, ngahormat, djoeng miang, didjadjapkeun koe attlor, asoep ka djero leuweung.

Teu koengsi sabaraha lilana At tlor geus torodjol deui datang ti djalan sedjen, ngiringkeun doea djelema, noe make dangdanan loe loegoe bangsa Kat.

Doeanana geus pada aja oemoer, tapi masih djagdjag djeung bedas keneh, katjiri dina leumpangna teteg djeung badanna beu neur, djiga masih koeat keneh pisan miloe perang poepoeh.

Dina lebah rek asoep kana kolang batoe tea, sok noenda gobang djeung mantelna.

Sanggeus oeloek salam, gek da rioek deukeut Gudruna.

— „Bagea, Mcromir, Batorik!"

— „Noehoen, iboe!" Djawabna.

— „Geus sababaraha powe koe iboe diarep-arep daratang. Tjik pek geura tjarita! Aja bedja naon? Arandjeun mah geus rea loeang, tangtoe djelema-djelema pertjaja kana tjaritaan andjeun."

(Samboengeun).

**Nempe pisan nampi barang<sup>2</sup> sapertos:**

**Optimus** - lantaerns nganggo minjak tanah. Kakiatan 100-200 doegi ka 300 lilla.

**Lichtdruk** - lantaerns (lampoe kempas). Kakiatan 100-200 doegi ka 300 lilla.

**Lampoe merk „Lilor"**.

Sajagi roepi-roepi sapertos:

**Doedoek** kangge dina medja-toelis. Pangaos f 13 —

**Gantoeng** (nganggo kap). Pangaos f 16.75


**Taplok** teu kintea saena. Pangaos f 16.50

**Kompore roepi<sup>2</sup> merk sapertos: Demon-Lilor-Optimus - sareng Perpectus.**

Pangaos teu kinten mirahna Djabi ti eta oge sajagi roepi-roepi **Onderdeelen.**

Anoe moendik dikanteun Reimbours, kadh ngintoenkeun beula artos 1/3-na.

**Reparatie:** Sanggem ngadangdosan roepi paparabotan naon bae. Ongkos noe moetkeun padjamanan bae.



**DRUKKERIJ & BOEKBINDERIJ**

**Tjahja-Pasoendan //**

BANDOENG  
Gr. Postweg 123

CHERIBON  
Pekirangan 3

Adalah soeatoe DRUKKERIJ kepoenjaanja bangsa Boemipoetra deagan pegang systeem paling baroe, iang pekerdjannja serba nejis, rapih dan tentoe mendjadi soeatoe tanggoengan kepoelasan bagai pemesen.

Motto:  
LEBIH MAHAPEKER  
DJAANNJA, TETAPI  
MOERAH HARGANJA.

TJOBALAH BERLANGGHAN !

**OEBAR KOKOLOTEUN**

Hidji oebar noe pangaloesna, sarta pangmatihna, pikeun ngoebaran sagala kasakit dina beungeut, njaeta anoe kasabnet kasakit kokoloteun.

Hargana 1 doos f 0.30.

**BEDAK RATOE**

Lemes djeung seungit. Korwat, toer matak lemes kana koelit beungeut. Harga sadoos f 0.15

Tiasa ngagaleub di

**Apotheek EUREKA+**

Pasar-Baroe 19 Gr. postw. 64  
(Sabeulahna Toko VISSER)

**BANDOENG**

**DROGISTERIJ „LAWI"  
CHERIBON**

**B. Idih Prawira di Poetra**

RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan **ADVOCaat EN PROCUREUR**  
Oeroesan Civil, Crimineel, sareng sadiebi ti eta

Hoofdkantoor di Garoet:

Regolweg No. 3

Bijkantoor di Tasikmalaja:

H.A. Masdoeki, Djadjawajweg No. 4

Bijkantoor di Bandoeng:

G. Tjikapoendoeng 176/13C.

**Mulo-Abiturienten**

Pilari Vakonderwijs anoe henteu aja overcomplete

**„KWEKSCHOOL PENDIDIKAN ISLAM"**

Gr. Lengkung 74

Cursus lamina 2 taoen. Anoe ditampi ti klas 3 Mulo. Bajaran sakola f 5 — Internaat f 10 — perdjajian soe-gema kalajan ditalingakeun koe goeroe, ongkos doktor vrij.

**RATOEFAN H.I.S.** sareng **SCHAKEL** anoe nganggo dadasar Islam, anoe perloe kaenings koe Goeroe goeroe noe ahli kana **WE-TERSCH LAGER ONDERWIJS** sareng **ISLAMETISCHE GRONDSLAG!**

Oelah ngabaekeun kana ieu kasempetan teh! No. 138